Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№185 (23.593) ● 2017 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 27, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэр къыщыхъэгъэпэщыныжмкIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэIущIэмрэ Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ советымрэ я зэхуэсым щащIа унафэр, «Федеральнэ республикэ программэ хэхахэмрэ проектхэмрэ гъэзэщIэным хухахэри яхэту, бюджет ахъшэр, бюджетым щымыщ мылъкур хъумэн Iэнатlэм экономикэ, Iулъхьэ зэIэпыхьыным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр къыщыщIэгъэщыным, аxэр къэмыгъэхуным хуэгъэза Iуэхуэхэр зэфIэгъэкIыным, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм я зэранкIэ ягъуэта хэщIныгъэхэр егъэпшыныжным теухуауэ» жыхуиIэр, къэщтэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм фокIадэм и 18-м
№110-РГ

Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Уэзрэдж къуажэм щыщ Iыхьэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантин) щхьэщыхьыжным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринарием и IэухукIэ» и Закон №4979-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащтам, и 3.1-нэ статьям ипкъ иткIэ икIи Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Уэзрэдж къуажэм хьэщхьэрыIуэ уз зыпкърыт псэущхьэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу:

1. Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Уэзрэдж къуажэм щыщ Iыхьэм, Лэскэн щIыналъэм щыщ Уэзрэдж къуажэм и ищхьэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIа мэл фермэмрэ абы и хъуреягъкIэ метрищкIэ къэкIуэкIыу иIэ щIы Iыхьэмрэ зыхиубыдэм, щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантин) щхьэщыхьыжын.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Уэзрэдж къуажэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Унафэ №977-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм фокIадэм и 25-м
№113-РГ

2017 гъэм и II мазищым цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм ахъшэр зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ гъэувыным и IэухукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№170-ПП

2017 гъэм фокIадэм и 19-м *Налшык къалэ*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м, 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащтам, и 4-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щIэ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэрэщыныжмрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэлъэгъуам ипкъ иткIэ, 2017 гъэм и II мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр ику иту сом 11566-рэ, лэжьафэну цIыхухэм папщIэ - сом 11925-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 8936-рэ, сабийхэм папщIэ - 12778-рэ хъуэу гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ А. Т.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. дыгъуасэ хэтащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я зыужьыныгъэмкIэ правительственнэ комиссэм и зэIущIэм

Урысейм и вице-премьер Козак Дмитрий дыгъуасэ Москва щригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я зыужьыныгъэмкIэ правительственнэ комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

АБЫ щытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм бюджет кредитымкIэ ятелъ щIыхуэхэр гъэмэщIэным пыщIа Iуэхуэхэм, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я бюджетхэм 2018 гъэм и федеральнэ бюджетым щыщу хухах бюджет зэхуаку трансфертхэр (дотацэхэр, субсидиехэр, нэгъуэщIхэри) зыхуэдизынум, аxэр зэрырат хабзэхэм, УФ-м и субъектхэм я бюджет зэхэтыр зыхуэдэнум, УФ-м и щIыналъэхэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм къагъасэбэп ахъшэр здэкIуэр къыззэрапщытэ автоматизированнэ реестр къызэгъэпэщыным, апхуэдэуи Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэмрэ мылъкуу къагъасэбэпар къыщалъытэ инвентаризацэм къурикIуахэм, мардэ-правовой актхэм я проектхэу, нэгъуэщI унафэхэу щIыналъэ, щIыпIэ бюджетхэм къыщымыгъэлъэгъуа хэщIныгъэхэр къэзышхэм.

Къэрал финансхэмкIэ щыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщащтащ икIи щагъэзащIэ бюджет мылъкур зэгъэуIуным хуэгъэза, 2017 - 2019 гъэхэм ятещIыхьа программэр. Абы щыубзыхуащ езыхэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ щIыным, бюджетым щыщ ахъшэу лейуэ къагъасэбэпхэр гъэмэщIэным теухуа хэкIыпIэхэр. Республикэм и щIыналъэм щолажьэ налогхэмкIэ зэрыхудачых Iэмалхэр, аxэр хуэгъэпсащ нэхъ хуэныкъуэхэм защIэгъэкъуэным, хъярычатыщIэ Iэнатlэм зегъэужьыным.

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я зыужьыныгъэмкIэ правительственнэ комиссэр зэзыгъэуIу органщ. Ар зыхуэгъэпсари щIыналъэхэм я дежкIи, зэрыщыту къэралым и дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ документхэр щагъэжьэзыркIэ, абыхэм щыубзыхуахэр щызэфIагъэкIкIэ гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властхэм я гъэзэщIакIуэ орган нэхъыщхьэхэр, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэр зэдэуэуэ зэдэлэжьэнырщ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я бюджетхэм хухах субсидиехэр зэрызэхалъхьэ, аxэр зэрырат икIи зэрырагушэ щIыкIэм теухуа хабзэхэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№157-ПП

2017 гъэм фокIадэм и 5-м *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я бюджетхэм хухах субсидиехэр зэрызэхалъхьэ, аxэр зэрырат икIи зэрырагушэ щIыкIэм теухуа хабзэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я бюджетхэм хухах субсидиехэр зэрызэхалъхьэ, аxэр зэрырат икIи зэрырагушэ щIыкIэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къыдигъэкIа унафэ №308-ПП-мкIэ къыщтам, мы унафэм щIыгъу зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн.

2. Мы унафэм къару егъуэт аx къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ, мы унафэм зэрыщыубзыхуам тету, зи зэхъуэкIныгъэхэм 2018 гъэм щIышылэм и 18-м къыщыщIэздзауэ къэзыр ягъуэтыну 1-нэ пунктым, 3-нэ пунктым и пункт къуэдзэ «а»-м, 8-нэ пунктым и пункт къуэдзэ «б»-м, 14-нэ пунктым и пункт къуэдзэ «а»-м и ещанэ абзацым, пункт къуэдзэ «в»-м и ещанэ абзацым къыщынэмыщIа.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ А. Т.

СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, адыгэ тхакIуэ щэджащэ КIэрашэ Тембот Мыхьэмэт и къуэр къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу

Номер зэхэт 115

Уахътыншэ

Адыгэ тхакIуэхэм ящыщу СССР-м и Къэрал саугъэтыр япэ дыдэу (1948 гъэм) зыхуагъэфэщауэ щытар Адыгейм хиубыдэ Куэшхьэблэ къуажэм 1902 гъэм къыщалъхуа КIэрашэ Тембот. Зи ныбжьыр илъэс 46-рэ фIэкIа мыхъуа адыгэ тхакIуэ Iэзэм Къэрал саугъэтыр къыщIратыгъар КIэрашэр икъукIэ псынщIэу щIэрыIуэ зыщIа «Гъуэгу насыпыфIэ» роман гъуэзэджэрат. Ар адыгэбзэкIи (Мейкъуапэ), езым зэридзэкIыжауэ урысыбзэкIи (Мэзкуу) щытрадзат 1947 гъэм.

Зэман кIэщIым къриубыдэу хамэ къэралыбзэ куэдкIи къыдагъэкIа аноманыр дунейм къытехьэным и пэкIи КIэрашэм и къалэмыпэм къыщIэкIат «Арыкъ» рассказыр (1925), «Шамбул» («Гъуэгу насыпыфIэ») романым и япэ Iыхьэр (1929), «Мэшыкъуэ и щхьэкIуэ» (1934), «Къэбэрдей таурыхъуэр» (1946) - Темботрэ Акъсырэ Залымхъанрэ зэгъусэу ягъэхьэзырауэ.

Бзэрэ тхыльрэ зыщIэ урыс благъэ зиIэ адыгэхэм ящыщт Тембот и адэ Мыхьэмэт. Ар я гъунэгъуу къыщыс Дондуковскэ станицэм щыпсэу сатуущIхэм я деж щылажьэрти, и къуэри абы здишэрейт. ЩIалэ цIыкIур ехъуапсэрт сыт щыгъуи тхыльхэр зи Iэпэгъу къэзакъ сабийхэм. Мыхьэмэти гу лъитэрт абы. Арат езым и къуэри иригъэджэну мурад щIищIар. АрщхьэкIэ мэкъумэшыщIэ бынхэм къемыхъулIэн хъуэпсапIэт ар. Мыхьэмэт лIы губзыгъэт, ерыщти, и ныбжьэгъуэри зыдегъэIэпыкъу, хегъэлIыфIыхьри, щIалэ цIыкIур 1913 гъэм гъуэгуанэ жьжьэ трегъэхьэ: Уфа къалэм нэс егъакIуэри, егъэджакIуэхэри щагъэхьэзыру а къалэм дэт мыдрисэм щIегъэтIысхьэ. АрщхьэкIэ, Ябэ дунейпсо зауэр къохъейри, Тембот къиГзэзэжьин хуей мэхъу.

И адэм и гъуэгум теувэ щIалэщIэр Дондуковскэ станицэм щыпсэу сатуущIхэм гъусэ яхуохъу. Еджэным, тхыльым пыщIахэм ныбжьэгъу захуещI. Ар икIи къыхуощхьэпэ: урысыбзэм хуэIэрыкIу мэхъу. Литературэм дехьэх.

Ауэрэ революцэр къохьей. Абы кърикIуа зэстыкIэм Iэмал кърет и нэр къызыхуикI еджапIэм щIэтIысхьэну. 1921 гъэм КIэрашэм хъеух реальнэ училищэр. А зэманым еплъытмэ, Тембот щIэныгъэфI зиIэхэм яхыубжэ хъунут. Адыгей облисполкомым щыкъулыкъущIэ щIалэр, а зэрылажьэм хуэдэурэ, щоджэ Краснодар дэт политинститутым. Зи щIэныгъэрэ зи Iэзагъкlэ куэдым ефIэкI КIэрашэр Мэскуу еджакIуэ ягъакIуэри, абыи институт къыщеух 1929 гъэм.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдалъу къэзыгъэзэжа КIэрашэр яхуэмыгъуэтым хуэдэти, Iэнатlэ хъарзынэхэр къыхуагъэфащэ: адыгэ газетым и редакторщ, тхылъ тедзапIэм и тхьэмадэщ, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIщ, Краснодар дэт педагогическэ институтым щыегъэджакIуэщ. Ауэ, езым зэрыжиIэжу щытамкIэ, абы усакIуэу зэрызибжыжрэ куэд щIат: 1923 гъэ лъандэрэ.

А гъэм и зы махуэ гуэрым, мафIэгум пэплъэу Краснодар вокзалым здытетым, щIалэм и нэр хуоээ блыным фIэлъ плакатым. Бгъэдыхьэрэ еплъыпэмэ - «Интернационал» уэрэд цIэрыIуэрат. Абы хэт псалъэхэр апхуэдизкIэ игу ирихьати, занщIэу кьретхьыкI. Ар адыгэбзэкIэ зэрдзэкIыным похьэ асыхьэтым. «Мис абдеж къыщыщIэдзауэ сэ усакIуэу зыслъытэж сыхъуащ», - игу къиГзэкIыжырт Тембот.

Ар КIэрашэм и творчествэм къежьапIэ хуэхъуащ. Къежьапlэ угъурлыуи къыхущIэкIри, «Гъуэгу насыпыфIэм» тришащ. ЩыгъуэгурэщIэрыIуагъэ инрэ къыхуэзыхьа а романым къемыджа щIагъуэ адыгэхэм яхэту къыщIэкIынкъым, лIы ныбжь къэзыгъэщIа, дяпэкIи куэдым яджыну а тхыльыр ди щытхъуи хуэныкъуэжкъым...

КIэрашэ Тембот и пщIэр, и цIэрыIуагъэр нэхъри яIэтащ нэхъ иужькIэ абы и къалэмыпэм къыщIэкIа романхэми, повестхэми, рассказхэми. Ахэр ди къэралми нэгъуэщI щIыпIэхэми куэдрэ къыщыдэкIащ. Абыхэм адыгэхэм ди цIэр, ди лъэпкъым и хьэл-щэнхэр, и лIыгъэр, и псэукIэр зыхуэдэр дуней псом кърагъэщIащ. Езы тхакIуэшхуэр уахътыншэ ящIащ.

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

НэгъуэщI къэрал къикIа ди лъэпкъэгъуэхэри яхэтащ

Дзэлыкъуэ щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI Щокъуий Аминэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм ирихьэлIэу а районым къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхьихьэхэм ящыщщ Малкэ къуажэм дэт спорт комплексым алыдж-урым бэнэкIэмкIэ щрагъэкIуэкIа, спортсмен ныбжьыщIэу 65-рэ зыхэта зэхьэзэхуэмрэ а жылагъуэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къыщылъ мэзылъэ хуейм зыщызыбгъуа «Алые зори» лагерым шахмат джэгукIэмкIэ щызэхаша зэIущIэмрэ.



ИЛЪЭС мин бжыгъэ ипэкIэ къагупсыса Iэмэпсымэ телъыджэр «гъэбзэрэбзэныкIэ» а махуэм зи зэфIэкI зыгъэлъэгъуар школакIуэ цIыкIухэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ я закъуэкъым, атIэ а щIыпIэм Дзэлыкъуэ, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм щыпсэу пенсионерхэри щызэIущIащ икIи арадыдэмкIэ щызэпеуащ. Нэхъыжьхъэм я деж щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ педагог цIэрыIуэ, шахматыр фIыщIэу зыльагъуу щыта, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа Щоджэн Надир и фэеплъу.

Дзэлыкъуэхъуажэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм щызэхаша гуфIэгъуэ зэхьихьэм, «ИрефIакIуэ ди адыгэ лъэпкъыр!» зыфIащам, кърихьэлIащ а махуэхэм ди республикэм къэкIуа ди лъэпкъэгъухэм ящыщу, Израильм къикIахэу Тхьэхуэхуэ Зухьеррэ Нэпсо Зэчрейрэ, Голландием куэд щIауэ щыпсэу Хьэтхъуэ Раджаб сымэ, нэгъуэщIхэри.

Мы зыри дыщIыгъужьпхъэщ. ФокIадэм и 20-м Бахъсэн къалэ къыщыщIэрагъэпэща гуфIэгъуэ Iуэхугъуэшхуэхэм хэтащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм икIыу абы кIуа, адыгэ фащэ екIуэхэмкIэ зэщIухэпыкIа шууей 90-м нэблагъэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

НОБЭ

♦Туризмэм и дунейпсо махуэщ

♦ГъэсакIуэхэмрэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щапI Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я махуэщ. Ар трагъэхуащ Урысейм япэ сабий садым лэжьэн щыщIидза махуэм - 1863 гъэм фокIадэм и 27-м Санкт-Петербург къыщызэIуахащ апхуэдэ Iуэхущ1апIэ.

♦1130 гъэм Италие Ипщэмрэ Сицилиемрэ зэгухьэри, Сицилие пащтыхьыгъуэр къызэрагъэпэщащ.

♦1783 гъэм тенджыз фIыцIэм техьащ Урысей флотым и япэ къуэхьыр - «Екатеринэ и щIыхьыр» зыфIащар.

♦1801 гъэм Александр Езанэр ирагъэплъащ япэ лъакъэрыгъажэм. Дунейм щыяпэу ар зэпкърилъхьат Артамонов Ефим.

♦1821 гъэм Мексикэр Испанием къыхэкIри, къэрал щхьэхуит хъуащ

♦1825 гъэм дунейм щыяпэу Инджылызым гъущI гъуэгу лажьэу щагуIыпщащ.

♦1863 гъэм Санкт-Петербург Урысейм щыяпэу сабий сад къыщызэIуахащ.

♦1939 гъэм фашист Германием иубыдащ Польшэм и къалащхьэ Варшавэ.

♦1940 гъэм Германием, Италием, Японием я дзэхэм я зэгурыIуэныгъэм «Берлин пактым» Iэ традзащ.

♦1941 гъэм Франджым Сириер хуит ищIащ къэрал щхьэхуэу, зыми и унафэ щIэмыту псэуну.

♦1942 гъэм ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къищтащ республикэм зыхъумэжьныгъэмкIэ гупхэр къыщызэгъэпэщын хуейуэ.

♦1960 гъэм Останкинэ телечэщанэр ухуэн щIадзащ.

♦1990 гъэм Совет Союзыр Интерполым - уголовнэ полицэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм - хьыбащ.

♦1991 гъэм Москва щекIуэкIащ ВЛКСМ-м и зимычэзу XXII съездыр. Зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщым абы къалэн щащIауэ щытахэр игъэзэщIауэ къалъытэри, а зэхуэсым унафэ къыщащтащ комсомолыр щымыгъэIэжьным теухуауэ.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, литературовед, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэщхъуэжь Раисэ** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Кипрым и президент **Анастасиадис Никос** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Къэрал куэдым щыIэрыIуэ тренер, ди къэралым футболымкIэ и командэ къыхэхами Санкт-Петербург и «Зенит»-ми ядэлэжьа **Адвокат Дик** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Галибин Александр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Тхьидэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Анзор** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Модельер, адыгэ фащэхэр дыным хуэIэкIуэлъакIуэ, химиме щIэныгъэхэм я кандидат **ХьэщIыкIу Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъапIьэнхэр зыгъасэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Запашный Аскольд** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнэр

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ДаIуэ шхиипэ тоувэ.

Адыгэ Республикэм и Нэхъыжьхэм я хасэм хэтхэм я гукъэкIыжхэр

1981 ГЪЭМ и пэм Адыгейм и парт обкомым и япэ секретарым сригъэблагъат. Пэшым си бысымымрэ обкомым и секретарымрэ нэмыщI КIэрашэ Тембот щIэст. ТхакIуэм сыщыгъэщIыхум сэ сызиунафэщI «Адыгпромстрой»-м республикэм и бжьамий псыжапIэхэр укъуэдииным пыщIа Iэхуэхэр зэрыIыгъыу зэрызэфIигъэхIыр жраIащ. Аузэрэ уэрэшэрри ежьащ. Псори КIэрашэм къалъэтэжхэм дыдихьэхат. И лIыхъужьхэм сигу ящIэгъуу, еджапIэм сыщыщIэса илъэсхэм щIэзджыкIырейуэ сыщыгат абы и тхыльхэр. Аэрат хабзэми, шы лъэпкъхэми, абыхэм я хьэпэмэ щыгъуазэ сызэщIар. НэгъэщIу жыпIэмэ, а тхыльхэм нэхъапэм сымышIа куэд кьыуагъэщIат. Тыншу икIи гурыIуэгъуэу тхэным и щапхъэу щытыйнущ аэр си деж сыкIэ сыт щыгъуи. Егъэлеиныгъэ закъуи хэмылъу пхужьIэнущ сэ си ныбжьым итхэм Тургеневым, Чеховым, Пушкиным, Лермонтовым, Тютчевым, совет тхакIуэхэм къадэкIуэу адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа КIэрашэм пщIэ абрагъуэ хуащIу зэрыщытар.

Тембот ухуэныгъэм и фIэщу дихьэхат. Абдеж дыдэм унафэ кьыщащтащ псыр зэбгрышынымрэ хуэунэтIауэ екIуэкI лэжьыгъэр абы едгъэлагъэну. Асыхэтым лэжьапIэмкIэ дгъэзэри, псыр зэхуэзыхус, бжьамийхэр зыгъэлажьэ Iэмэпсымэхэм деплъыну дыкIуащ. ЗгъэщIагъуар ухуэныгъэхэр кьыэзрифIэIуэхурат. УхуакIуэхэР егъэщIыхури, гъущI пыIи тыгъэ хуэтщIат. Си гугъэмкIэ, ар иджы и музейм щIэлъщ. ЗыщIэхупIахэри IэщIагъэлIым хуэфащэ Iэху щхьэпэ защIэт: «Бжьамийхэм къащымыщIауэ псыр Мейкъуапэ къахьэсыфыну?» УхуакIуэхэм я улахуэр зыхуэдизыр, я псоукIэр зыхуэдэр. БгъэIэпхъуэ хъууэ кьэтщэхуагъащIэ ynэ цIыкIуэхэр игу ирихьат, зыгъэпсэхугъуэм деж хъыбарыщIэ дедэIуэну радио кьыэзрытщэуари фIэзахуэт.

Срогушхуэ КIэрашэм и зэманыгъуэм ныбжькIэ сызэрыхуябыдами сепсэлъапIэну Iэмал сызэриIами. Абы къыщIэна тхыгъэхэр зы цIыху ныбжькъым ныбжьитIкъым, гъуазэ зыхуэхъунур.

ХЪУТIЫЖЬ Аслъэнбий.
Мейкъуапэ

1977 ГЪЭМ и мэкъуаэрэгъуэм Адыгейм и цIыхубз депутатхэм я советым и етIуанэ зэхуэсыр екIуэкIыр. Облисполкомым жэрдэм къыхилъхат сэ псэупIэ-коммунальнэ IэхуущапIэм и унафэщIу сагъэуфыну. «Лэжьэфыну?» жьхуаIэу, депутатхэр сыздагъакIуэ Iэнатlэм хэсщIыкIыр зыхуэдизым щIэупщIащ. ЕщIагъэкIэ сызэрыщIэженер-уху акIуэр яжесIэри, «Пщlэ зиlэ мыпхуэдэ зэхуэсым дзыхь къызэрысхуящIыр къысхущъхьэпэну сыщогучъ сымыщIэм щыгъуазэ зысщIыныкIэ», - дыщIыгъужащ. АфIэкIа упщIэ къызатакьым, къызэрысхуэгуапэр зыхэсщIу псалъэ зыбжанэ зэIэпаха фIэкIа.

ЗэIущIэр щызэпагъэум КIэрашэ Тембот къызбгъэдыхьэри «Сыкъэпщыхуре?» - жиIащ. Щэч хэлът сэ ар зэрысщIыхум?! И тхылъхэми седжат, ауэ апхэдизу щIыхум я гупытэм и игъафIэу щIыхуэрееихьам сыбгъэдыхьэну гу схурикъуатэжьам. СощIэж абы и пкъым хуэфIыпсу кIэстум кусэ щIыхуу-фIыщIафэ зэрыщIыгъар. Уэс чэсейм хуэдэ джанэ хужьибзэм кIэстумым екIу пщдэдэгъ къыпетлъат, депутатхэм зэрахьэ хабзэ бгъэхэIар кIэстумыбгъэм зэрыхэлъари си нэгу кьыщIоувэж. СщIэрхьым телъдыкIыу кьабзэ и туфлъитIми си нэр щыгтехуар. Сызыщыщымрэ сыдзэшьхьэхымкIэ кьыщIэзупщIым, кIэщIу жэуап естащ. Зыкъомрэ къызэпIури: «ЩIхьэ занщIэу къэзмыщIарэ Теуевэ Цыгъу, Уджьыхуэ Хъалидрэ Адэлджэрийрэ узэрахъуажэгъуэ?»

«Утхэрэ?» - жиIэри къызэупщIат иджыри. «ЕджапIэм сыщыщIэсым усэ стхыуэ щытащ, иджыпсту стхыжьыркъым», - жысIащ. «Тхэ, гува-щIэхэми абы ухуэжIуэжьинущ», - къызжиIащ, абы хэтуи депутатхэм збгъэдащыжьжащ.

ТхакIуэр къыщIыпсалъэхэм деж седагъэт куэдрэ. ЕгъэлеIуэ щIыху зэпIэзэрытт ар. ЖьакIуэщ хужьпIэфырнутэкъым, ауэ жиIэр гукъинэжт. Къигъэщхьэпэну псалъэхэм хэщIыпхыыт. Псори къызэщIиубыдэу, купщафIэу тепсэлъыхьырт Iэхум. БлэкIам и гугъу щищIкIэ, гугъу зэрехьар къыхэщыт, ауэ къэкIуэнум щыхэплъэкIэ и нэхэм нэху гуэр къыщIэувэрти, къедаIуэхэм я гупсысэхэр езыр зыхуэймкIэ иунэтIыфырт. Ара къыщIэкIынщ и псалъэмрэ и гупсысэмрэ къару къэзыту щытар. ГъэщIагъэуныщIат макъ лъахъшэмрэ мыхьэнэ кумрэ зэрызэкIур. Сыт щыгъуи къабзэу зэрызихуапэм, и гупсысэкIэм и мызакъуэу, и дуней тетыкIэри игури зэрыкъабзэр уи фIэщ ищIырт. Адыгэр лIэщIыгъуэкIэрэ псэм и куугъым телажьэу къызэрыгъэугурыкIуэм и щапхъэщ апхуэдэ щIыху къызэрымыкIуэ абы къызэрыэкIар. КъэхъуIгъэм и хабзэщ цIыхур зэгуэр дунейм зэрехьыжьнур, ауэ и гъащIэр къызызыкIа лъэпкъым лъэгущIыхь хуищIарэ а къарур къезыт гупсысэ куур псэукIэ дахэкIэ къигъэлъэгъуамэ, апхуэдэр бзм я гум зэи ихужьнукъым.

ГЪУКIЭЛI Нурбий.
Мейкъуапэ

Си УНЭ тхылъ хъуманIэм КIэрашэ Тембот адыгэбзэкIи урысыбзэкIи итха псори хэлъщ. Си гур хьэлъэ щыхъуэзм деж абыхэм я къызэрысщIэу нэщхьеягъэр сщхьэщокI. «Гъэугу насыпыфIэ» зыфIища и тхылъыр Iэнэтемых тхылъ схуэхъуащ. Щоджэн районым щыщ, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмрэ Мамхэгъ къуажэ клубым и лэжьакIуэхэмра 1953 гъэм а тхылъым кьытращIыкIа теплъэгъуэ ягъэувауэ щытащ. Бжьыбгъукъалэ и Iэщ-лъащэм щыIэ театр зэгухэзыгъэхэм я зэпеуэм а теплъэгъуэм ялэ уваIэ кьыщихьат. СощIэж гъэпсыгъуэныгъэхэм я зым цIыхуэр зэфIэту артистхэм Iэгу яхуеуауэ зэрыщытар. Гупым «Лъэпкъ театр» кьыфIащри, а теплъэгъуэр Щоджэн районымрэ Кушхьэблэ районымрэ и адыгэ къуажэхэм щыдгъэлъагъуэу кьызэхэткIуэхуэ щытащ.

КIэрашэ Тембот и сэбэп Кавказ Ищхьэрэм лъэпкъыу исым екIащ. Обкомымрэ облисполкомымрэ ирагъэкIуэкI депутат зэхуэсхэм, пленумэхэм, конференцхэм куэдрэ сыщыхуэзэрт абы. Уэзым щыубыда иужьрей илъэсхэм псэльэну къытехьэлъэрти, Президиумым ис Бэрэзджьым еэзым зыбгъэдигъэтIысхьэ хабзэт. Къэпсалъэхэм тэмакъкIыхьу едаIуэрт, иужькIэ псалъэ къиштэрти, и чэнджэщхэр зэхуэсым щащI унафэм хэуВэрт.

АЧМЫЖЬ Кушыку.
Хьэкурынэхьэблэ

ЗЭГУЭРЫМ, мэрем махуэм и пщыхьэщхьэу, тхэн щIэзыдзэ ныбжьыщIэ гуэр КIэрашэ Тембот деж Iухьауэ жаIэж. Iэрытх Iувыфl къызыдзэхьа щIалэм тхакIуэм зэрелъэIу хабзэ Iуэхур бгъэдилъхьащ: «Кхьы1э, кьеджи, къызэрыпщыхьуар къызжиIэ». КIэрашэм ар и лэжьапIэ пэшым щIешэ, и пащхьэ ирегъэтIысхьэ, и нэ нагъуэхэр кьытреубыдэри: «Дэнэ ущыщ, сыт уи Iэщ1агъэ?» - жеIэри къоупщI. И Дапщэу сыкъэкIуэ хъуну? - щIэупщIащ хьэщIэр щыщIэкIыжьым.

- Блыщьжьм, сыхьэтипщым деж, - кьуратащ тхакIуэм жэуап.

- Апхуэдэу псынщIэуи? - егъэщIагъуэ щIалэм.

- Укъеджэныр птхыным хуэдэкъым...

ЩызэгурыIуа махуэм тхакIуэ щIалэр икъукIэ гуэвзэу къокIуалIэ:

- Армыфами зэманышхуэ пфIэзгъэкIуэдащ, къысхуэгъэгъу, - жеIэ абы Iэнкуну.

- Ягъэ кIынкъым.

- Къызожьэа, къуажэм сокIуэж.

ЩызэхэщIалэм хэлъ нэмысым и хьэтыр илъагъуу:

- Къуажэмэ? ФIы дыдэщ, уи къуажэжьыр зыщыщбгъэгъупщэ хъунукъым, аращ фIым ухуэзыгъасэр. Сэри узгъэгувэнкъым. ТхакIуэ щIалэхэр гъуэгу техьам иракIуэ хабзэщ - зэджамрэ литературэм кьыхахымрэщ зытепсэлъыхьыр, уэ гъащIэм кьыхьбос, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. ТхылъпIэр КъокъуIпIащ, ауэ Iэзагъ тIэкIу, редакторыIэ хуэчэмщ.

Ахэр кьыжриIэри, и Iэ кьамылыфэхэмкIэ щIалэм и Iэрытхьэр кьыхуишиижащ: «ТхылътездапIэм хьыи, мы гъэм кьытрадзэну сызэрелъэIур схуаже- Iэж».

ЩIалэм и бзэм Iэфlу щIэлъымкIэ фIыщIэ кьыхуищIын щIидзати, зэпиудащ:

- Зытхар уэращ, сыт фIыщIэ кьыщIыскхуэпщIыр?

ТхылътездапIэм и унафэщIым Iэрытхьр редакторым иритри, ар тхъэмахуэкIэ кьедджащ. ИтIанэ езы унафащIэр - тхъэмахуэрэ ныкъуэкIэ. Тепсэлъыхьахэщ, хьун хуэдэщ. Ауэ кьыдагъэкIыну Iэмал яIэтэкъым: а гъэм традзэнухэр партым и обкомым кьабыл ищIакIэт. УнафэщIым КIэрашэм деж щыпсалъэм, мыр кьыпсIэ:

- Мы гъэм кьыдагъэкIын хуей сэ си тхылъым и пIэкIэ мы щIалэм ейр хэвгъэхьэ.

- ЩIалэщ, кьызыкIэрыкъу щысьIым! Уэ уи тхылъым и пIэ абы ейр ивэн?

- Ар нэхъ хуэныкъуэщ.

- КъызгурыIуакъым.

- ЩIэзыдзагъащIэм дэIэпыкъун хуейщ. «Уи уэк итым гъэзгует», - жаIэ адыгэхэм.

ПРЕНКЭ Анатолий.
Мейкъуапэ

«ШУ ЗАКЪУЭ», «Шапсыгъэпхъу», «Абазэ шу», «КIыкIуэ», «ГъащIэ дерс», «Бысым щIалэ»... УрысыбзэкIи адыгэбзэкIи щIэх-щIэхыу щыIэзоджьыкIыж КIэрашэ Тембот и тхылъхэр. Лъэпкъ хабзэхэм я нэхъыбIыр цIыхум деж зэрыиихьэсам нэмыщI, тхакIуэм гулъытэшхуэ иритащ адыгэ бзылъхугъэм гъащIэм щиубыд увыпIэм. А псори кьыкIэлъыкIуэ щIэблэм къыхигъэнащ. СфIэфIщ си къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр абы и тхылъхэм еджа нэужь, хабзэмрэ абы зэманым елъытауэ зэрызихьуэжамрэ зэрыщIэупщIэри. Куэдрэ нэхъыщIэхэм яхузогъэхъыбар КIэрашэм и къуэху Аслъэнрэ Анчокърэ щIалэфIхэу зэригъэсар. И ящрылъху Iэнэзэур щIэныгъэмрэ еГъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и пашэщ.

ЧЫНАЗИР Енвар.
Мейкъуапэ

КIэрашэ Тембот
(1902 - 1988)

КIэрАШЭ Тембот и гупсысэм кIипкъ иткIэ, лъэпкъыр ефIэкIуэн папщIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр бзылъхугъэм и псэуКIращ. ЦIыхубзыпсэм гъащIэм къыщцыхъу псори жану зыхещIэ, ахэр нэхъыбэм гурыГъуаэз къудейкIэ фIэкIа къагурымыIуэми, а зыхэщIэкIэр куущ. ЦIыхубзыр зыхэпсэукI гъащIэм абы кьыдалъхуа къару кьыззэрымыкIуэр иримыудыхьу, зиужьыну Iэмал иритмэ, телъыджэ гъащIэм абы кьыдалъхуа хьэл дахэ псори езыр-езыру еуэзщI. ТхакIуэм дежкIэ бзылъхугъэхэм я нэхъ льагэр губзыгъэу, хахуэу, жану, сыт щыгъуи гъащIэм и гупэр хуэгъэзауэ, адыгэ хабзэм тету псэуращ. КIэрашэ Тембот и тхылъэхэр щыхьэт тохъуэ бзылъхугъэм и псэр къэгъэуэшынрэ лъэпкъ хабзэм и купщIэу зэрыщытым. ТхакIуэм харуушхуэ тригъэкIуэдащ а гупсысэр къызэрыгъэзэрыуапхъэ Iэмалхэм. БзылъхугъэхэР тхылъ утыку кьыщриушэкIэ, абы и гупсысэкIэм зэрызихьуэжым щIэуэ къежьэ псори тохуэ. ЗэхъуэкIыныгъэхэм бзылъхугъэм и псэуКIэри и хьэлри яхъуэж, ауэ лъэпкъым кьыдекIуэкI Iуущыгъэми и хьэтыр лъагъунтхъэщ: бзылъхугъэ бгъэлъэпIэнри нэхъыжь бгъэлъэпIэнри зыщ. Зэман дэкIа нэужьщ кьыщызгурыIуар а гупсысэр езы КIэрашэ Тембот хэлъ нэмысым и куупIэм кьызэрыхэкIыкIыр.

Езыр кьыщалъхуа махуэм и пэ кьихуэу и уэнэ деблэгъат зэгуэр. ХьэщIэщыр, щхьэгъубжэм хэлъ абджжэм я деж щегъэжьаРэ щэху зыщыхуа паркет лъэгум деж щиухыжу, зэщIэлыдэрт. КъызэрыкIуэт пашым щIэт унэлъащIэр, ауэ зэхьIэпишэу гум зыщигъэпсэхурт, езыр-езыру уигу кьызэIупхьу ууэршэрыным утригъэгушхуэу.

Темботрэ абы и щхьэгъусэ Зуэзэрэ гуапэу къыпIущIахэщ. Я зэхущытыкIэм занщIэу гу лъымытэу, ауэ зыхьиумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу хуабагъ гуэр хэпльагъуэрт. Зуэзэрэ Iэнэр кьытезыгъэувэ хъыджэбз цIыкIуэхэмрэ пэшым кьыщIэхутэху, Тембот и нэгум уэздыгъэ цIыкIу гуэр щыщIэнэрт, езыми зытес щэнтым щхьэхуимыту мащIэу зыкъытриIэтыкIырт. Iэнэм кьытрагъэувэр лъэпкъ шхыныгъэуэхэрт. Си нэр фарфор хьэкъущыкъумрэ абджьпс Iэгубжьэхэмрэ щытехуэм, абы гу лъызыта Тембот пыгуфIыкIри хъыбар иришэжьащ:

- ДыщIалэу, дбгъэдэлъышхуи щымыIэу, си хэгъэрей гуэрымрэ сэрэ тIуми ди ныбжьэгъу щIалэ гуэрым деж деблэгъат. Здэсшар арэзы щIыгъуей цIыхут, и щхьэгъусэр дохутыру. Пщыхьэщхьэ псом и пэр Iэнэм IуишикIыуРэ шхахьым икIи ефакъым. Езым иужькIэ зэрыжиIэжамкIэ, хьэкъущыкъухэр кьабзэтэкъым, пхъэ кумбыгъэхэри бдзэху гуахъуэ-бжэмышхэри пасэрейт, я щагъырри фIэIуат... Зыбзабзэу, тхьэм фигъэпсэу яжесIэщ, я ерыскьымрэ фадэмрэ сыщытхъури дыкъежьэжащ. Бысымым дызригъэфа щагъыным щыщ зы абдж тыгъэ кьысхуищащ дыкъыщыщIэкIыжым. Зэман докIри, абы здэсшауэ щыта хэгъэрей щIалэр хьэщIэ щысхуэхъуэм, а щагъыр дыдэр кьыхутызогъэувэ, абджьпс Iэгубжьэхэм ярыту. Иухыку, «мыр хамэ къэрал къраша кьыщIэкIынщ, сыту Iэфl, и фэрр зыми зэремыщхь» жиIэурэ щытхъуащ. Зуэзэрэ сэрэ куэдрэ дыдыхьэшхащ абы иужькIэ. Абы пьэндэрэ ерыскьы нэхъ кьыззэрыкIуэ дыдэри хьэкъущыкъым я нэхъыбIымкIэ кьыстыдогъэувэ. - Ар жиIэурэ и щхьэгъусэм дежкIэ пльэри щабэу пыгуфIыкIащ. - Едзакъэ, псалъэкIэ уи ныбэ из хъунукъым.

Дэри гурэ псэкIэ дехъуэхъуащ дунейм тетыху гъащIэм фIыуэ бгъэдэлъ псори кьыхуэзIуихынкIэ. Зэрымыузынышэри кьуздэщысмэ кьызэрыстехьэлъэнури тщIэрт, ауэ зыкIи зыкъыдигъэщIакъым. Куэдым дытепсэлъыхьащ, дыгушыIащ, езым уедэIуэну уасэ иIэтэкъым.

«ГъащIэм нобэ фыкъеблагъэу кьыздэсфхьа лъагунигъэмрэ щIыху гупытэмрэ нэхърэ нэхъ лапIэ хэткъым», - къыжджIащ абы дыкъыщыщIэкIыжым. - ЦIыхухэм фIы фигу кьахуэкIыу, лъэпкъым ифI зефхуэу куэдрэ Тхьэм дунейм фытригъэт».

БАЖЭНЭ Мурат.
Мейкъуапэ

САБИЙХЭР щэнхабзэм, лъэпкъым и тхыдэм иджьпсту щыхагъэгъуазэ хабзэр еджапIэм, егъэджакIуэм ит дерсхэращ. А лъэныкъуэмкIэ сэ икъукIи сехъулащ, сыту жыпIэмэ Блашэпсынэ кьуажэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ сыщезыгъэджар егъэджакIуэ тепльыджэ Дэбагъуэ Гуащэнагъущ. Дэ дыдихьэхыпэу дыщIэдэIурт адыгэ тхакIуэхэмрэ ясакIуэхэмрэ я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ кьыщыджиIэж абы и хъыбархэм. Псом хуэмыдэу егъэджакIуэр игу хэхъуэу тепсэлъыхьырт езым и лъахэгъу тхакIуэм. Сэрэ си классэгъуэхэмра егъэлеяуэ дригушхуэрт КIэрашэ Тембот щыпсэу щIыпIэр дыззэрихэкум, а Iэхугъуэм тхакIуэм нэхъ гъунэгъу дыхуищIу зыкъэтлъытэжу. «Гъэугу насыпыфIэ» зыфIища абы и романым деджэурэщ дэтхэнэ зыми ди насып гъэугур къызэрытлъыхъуар.

ХЪЬIМЫЩ Къазбэч.
Мейкъуапэ

КIэрАШЭ Тембот сэ щызэзгъэщIыхуар Адыгейм къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу сыщыщыта зэманырщ. ЩIэхщIэхыурэ къедгъэблагъэрт ар егъэджакIуэхэр щызэхэтшэс зэIущIэхэм. И ныбжьыр хэкIуэтами, уэзнышагъэшхуэ имыIэжми, сыт щыгъуи жану Iэхум хэлэжьыхьырт, хъарзынэуи зиIыгът. Къеззэгъэу гушыIэн ифIэфIт. ПсэлъапIэ ихужьку, къыдэкIуэтей щIэблэмрэ егъэджакIуэхэмрэ фIым хуиущинну Iэмал кьыгъанэртэкъым.

Си ныбжьэгъуэхэм яз абы и унафэ щIэтыпэу лажьэрт а зэманым. Сабийхэм папщIэ хъыбар кIэщI цIыкIуэр итхырт, зыщIыпIи къыщытригъадэзэрт-къым. ТхакIуэ щIалэхэм ар щызэзхахым, КIэрашэм зыхуиГъэзэну къытрагъэхьащ. Хъыбарыр зытеухуар унагъуэ гуэрым я унэр щызэрахьэм щIыбым щIаха гъуджэр адакъэм зэрикъутарат. Гъуджэм кьищыр нэгъуэщI адакъэ къыфIэщIри, икъутэку уваIакъым, арати, унэр зейр къэгубжьу фIигъэжьыжа адакъэр яГъажьэри яшхужащ. КIэрашэм дихьэшхуэрэ тхыгъэр нигъэсри, мыр жиIащ жи: «ГъащIэм зэрыщыт дыдэм хуэдэу къыхэкIа хъыбарым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хъарзынэу щIэбдзащ, ауэ апхуэдэу ебгъэхунэ, сабийхэм я гуапэ хъунукъым. ЛIыр адакъэм лъэщIэмыхьа хуэдэу щIыи, псэууэ къэгъанэ, щыкIуэр гуфIэн хуэдэу». ЩIалэр арэзы хъури, адакъэ насыпыфIэм и хъыбарыр зэрихьуэкIыжащ.

Тембот еш имыIэу тхакIуэ щIалэхэм защIигъакъуэрт. Абы и чэнджэщхэм я фIыгъэкIэ тхакIуэ нэс хьуа куэд щыIэщ. ЩIалэгъуалэм хуэзэнчи ифIэфIт, хэкур, лъэпкъыр фIыуэ яльагъуну кьыхуриджэрт. Зэгуэр Адыгейск къалэм щыщ егъэджакIуэ гуэр тхакIуэм гурыIуат ар и еджакIуэ нэхъыжьхэм яхуигъэзэну, ауэ сабийхэр кьалэм кьыщаша махуэм КIэрашэр сымаджэ кьыщIэкIащ. Абы щхьэкIэ кьыгъанэкым тхакIуэм сабийхэм яIущIэн. Нобэми балигъ хъуа а еджакIуэхэм ягу кьагъэкIыжын яфIэфIщ а зэIущIэр.

Мы сатырхэр щыстхым Тембот зи цIэ си зы ныбжьэгъуфI сигу кьэкIыжащ. Зэгуэрым абы и деж сыпсэлъауэ, телефоныр и шыпхъу нэхъыжьым кьытрихащ. Уи дзэлхум и цIэр кьыздрихар умыщIэу пIэрэ жысIэу сыщеупущIым, «ФIы дыдэу сощIэж, - жиIащ. - ЩIалэр дунейм кьыщытехьам щыгъуэ ди благъэ гуэрым хабзэм тету мэл иукIщ, тыгъэ хуэфащэни трилъхэри, цIэ кьыфIищауэ щытащ». «КIэрашэ Темботрэ абы и тхыгъэхэм кьыхуэщIыжьхьэмрэ ящхьу цIыху Iущрэ щIалэфIу Тхьэм кьытхуигъэхъу», - жиIэри хъуэхъуауэщ.

Акъыл кьызыкъуэзыхэхэр ди лъэпкъым зэрыщымыкIуэдыжым хуэдэ дыдэу, игъащIэкIи лъэпунущ абы и тхылъхэр.

ЩЭНЫБЭ Щхьэмыз.
Адыгейск

КIэрАШЭ Тембот «Шапсыгъэпхъу» зыфIища и япэ тхылъым иджыри школым сыщIэсу сыкъеджат, адрей тхылъышхущым сыщеджам балигъ сыхъуакIэт. Адыгеймрэ Кавказымрэ я закъуэкъым КIэрашэ Тембот и лэжьыгъэ зыхуэщхьэпэр, атIэ Урысей псом зыщеубгъу. Абы и тхыгъэхэм я фIыгъэкIэ адыгэхэм я псэуКIэмрэ я хабзэхэмрэ я къэралым ис лъэпкъхэм кьащIыхьат. Ди лъэпкъым и насып гъэугур зэрымытыншар долъагъуэ абыхэм дащеджжкIэ. Ар зытепсэлъыхьы лIыгъэмрэ жэуаллныгъэмрэ ди хьэл-щэнкIэ кьыддальэгъуу, гъащIэми хэтпщэфу щытын хуейщ.

ЛIЭУЖЬ Мухгъар.
Тохъутэмыкъуей къуажэ

ГУГЪУТ икIи дзгъэзеиГъуэт КIэрашэ Тембот и пщIэр кьызэрилэжьыжа гъуэгур. ТхэкIеджэкIэ зригъэщIа нэужь, ар яхэтащ Адыгэ Республикэм щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдыным елэжьахэм. Илъэс куэдкIэ Iуэрылъэтэ зэхуихьэсыжу дэтащ, ахэр зэрыт тхылъ зыбжанэ кьыдигъэкIащ. Ахэращ тхэным гу хуезыгъэщIари. Зыгъэпсэху имыIэу лажьэрт, Iуэтэжхэр, хъыбархэр, романхэр, повесткэр итхырт. 1922 гъэм Кавказ Ищхьэрэм щыщу Къэрал саугъэт зрата тхакIуэхэм яхиубыдащ КIэрашэр.

Абы и тхыгъэхэм я фIыгъэкIэ, и ужь къиува тхакIуэ щIалэхэм литературэм щыпхаша гъэзэгур нэхъ тынш хъуащ.

ЩIэблэщIэм КIэрашэм и щIэиныр яхъумэфауэ пхужьIэнущ. Кушхьэблэ къуажэм дэт еджапIэмрэ уэрам хэхамрэ абы и цIэр зэрахьэ. Жьакъэ администрацэм КIэрашэм и цIэр зезыхьэ саугъэт игъэувауэ нэхъ еджакIуэфхэм ират. Куэд щIакъым къуажэкум ит паркым тхакIуэм фэеплъ зэрыщыкъуагъэувэр.

Дэри ди къалэнщ тхакIуэм къызыхуриджэу щыта фIыр ди щапхъэкIэ кьэдгъэлъэгъуэну.

БАЖЭДЫГЪУ Индрис.
Куэшхьэблэ

Маршал Будённый Семён Адыгейм щохьэщIэ *1969 гъэ*

Адыгэ тхакIуэхэр зочэнджэщ - КIэрашэ Тембот, Мэшбащ1э Исхьэкъ, Жанэ Къырмызэ. *Мейкъуапэ, 1981 гъэ*

«IуэхуциIэщ, зэманциIэкъым»

Урыс классикхэм ящыщу КIэрашэм псом нэхърэ нэхъ игу дыхьэр зэрыщIыкIырэ зыдэпльей Пушкиным и тхэкIэрат. Иджыри ныбжьыщIэу ар урыс усакIуэм и Iэдакъэщ1экIэхэм щ1эджькIыырт, еджакIуэ къудейуэ къэмынэу, зэхэлъхьакIуэ хуэдэу кIэлъыплъырт: сюжетыр зэриухуэр, лIыхъужьхэр зэрызэригъэпсалъэр, дунейм и щытыкIэр зэрызэблигъэкIыр.

ЖЬПIЭ хъунущ КIэрашэм Пушкиным и тхэкIэм ыкьихар лъэпкъ литературэм хипщауэ. Псалъэм папщIэ, кIэщIу, жьы щIэту, кууэ щыхуба гъащIэр къызэригъэльагъуэр: унагъуэ зэхущытыкIэр, тхыдэр, лъэпкъ щхьэхуэхэм къахэкIахэм я зэныбжьэгъуэгъэр, здекIуэкIыкIэр.

ГъэщIэгъуэнщ Пушкиным КIэрашэми тхакIуэм и образыр тхыгъэм лIыхъужь нэхъыщхьэу щыхагъэувэ щапхъэ мымащIэ зэрыщыIэр. Абы ущрохьэлIэ урыс усакIуэм и «Кавказ гъэрми» адыгэ тхакIуэм и «Гъэугу насыпыфIэми».

КIэрашэр усакIуэ щэджащэм дэпльейуэ щытами, абы игу нэмыс гуэрхэри зэрыIэщIэкIар ибзыщIыртхэщ. Псалъэм и щыхьэту къэтхьащ «Кавказ гъэрым» хэт адыгэ шур Пушкиным нэгум къызэрыщIигъэхьэ щIыкIэм теухуауэ КIэрашэм жиIар: «Сурэтыщ1 Iэзэм зэрыхуэфащэу, урыс усакIуэшхуэм Кавказ Ищхьэрэм ис бгырыс лъэпкъ псори кьызэщIэзыубыдэ теплъэгъуэ екIуу зэфIигъэуващ адыгэ шум и шыфэлIыфэр»:

Адыгэр зэщIиблащ и Iэщэм,
И гур еIэт, ирогумащIэ:
И афэр, фочыр, шабзэр, къамэр;
И сагъындакъыр, и аркъэныр;
Зэи къемыпцIыжу и сэшхуэжь - ЛIыр щылIи щытхъи зыгъэпэж.
КъемыхьэлъэкI, мыIуэлъауэ,
Хуейм, ирешу ар, ирелъэж, -
А зэрыплъагъуэ, зихъуэжжьым щауэм - ПхуимыгъэкIуэТ, пхуымыгулэз.

«Ауэ Пушкиныр шум и теплъэм щхьэдэплъыхьэфакъым, - къыпещэ КIэрашэм. - УсакIуэ щэджащэр щIэдэIуфакъым мамыр гъащIэм кьыхэкIыу Iэщэ щхьэхуимыту кьэзыщта адыгэм и гукъэуэхэм, псэзэпыпхъьэпIэм зи гъащIэр щызыхьыи, лIэщIыгъэкIэрэ дэкъуэзэныгъэм кьыхэмыкIыу зи псэр зыхъумэжьым зыхищIэхэм».

КIэрашэ Тембот Адыгэ Республикэм и цIыхубзм яхуищIам гъунэ иIэкьым, абы и щIыхуэ зэрыттелъри шэчыншэщ. ТхакIуэм кьыдэлажьэу щытахэм зэхуэмыдэ яГу кьокIыж абы и жыIэгъэ щIэрыIуэр: «Iуэху сиIэщ, зэман сиIэкъым - лэжьэн хуейщ». Езыр зэи епщIыжу щытахьам а псалъэхэм.

Бэчыжь Лейлэ екIуу зэрыжиIауэ: «КIэрашэ Тембот адыгэ лъэпкъ литературэхэм папщIэ мафIэ кьэзыхьа нарт шут, абы ипэ тхэн Iэзагъэр здыиэмыса лъагапIэм хущIиIэтэу». Лъэпкъым и блэкIамрэ абы кьыдекIуэкI дахагъэмрэ я щапхъэ и кIэу кьыщIигъэувэну гукъыдэж игъэтыху, дэтхэнэ ныбжьри куэдрэ щIэджьыкIыжынущ абы и тхыгъэхэм.

ЩХЬЭЛАХЪУЭ Дарико.

КIЭРАШЭ Тембот

Шу закъуэ

Романым щыщ пычыгъуэ

ШЭДЖАГЪУЭНЭУЖЬЫМ, махуэр бгъащхъуэгъуэм щынэсым, джэгур эпгагъэуащ. ЦIыхуу абы щызэхэтар къызэрыIэтри, лъэсыр лъэсу, шур шууэ, къуажэбгъуэм зэрыдэхащ. Пщащэхэри хэт шыплIэкIэ дахащ, хэти гукIэ дашащ. ЛIыгъэкIэ зэпеуэу джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхаублащ.

Нэщанэ еуэнырщ япэ ирагъэщар. Нэщанэ еуапIэхэр ягъэхьэзыракIэт. ШабзэкIэ, къэлаткIэ, фочкIэ зэпеуэхэм я увыпIэр щхьэхуэт.

Губгъуэм жыгыжь зырызхэр итт, зэгуэр абдеж щыпIа мэзышхуэм къыщIэнауэ. Жыг къудамэхэм джэдыкIэр вакъэнжейкIэ пащIащ - шабзэрэ къэлаткIэ нэщанэ еуэнухэм папщIэ. Фочауэхэм я нэщанэуапIэри ягъэбелджылащ: зы пхъэ дакъэжь и нэкIур къурейуэ ирабзащ, абы и гузэгум дыдыпэ хаIуэжащ. Лъэбакъуэ щитIкIэ къуврэ дыдыпэр фочышэ закъуэкIэ пызыудыр текIууэ ялъытэнущ.

Ерстэм, и бысымым щыгъуу, шу гупым яхэтщи, лъэныкъуэкIэ увауэ яхоплъэ. ФIэгъэщIэгъуэну яхэплъэ зищIми, абы и нэм кьалъыхъуэр Суандщ. Ауэ ар ильагъуркъым. Пщащэхэр щызэхэт лъэныкъуэмкIэ джэгу тIэкIу щызэхашауэ къыщофэхэ - щызэпеуэнур къэсын и пэ, щIалэгъуалэм зытраГъэу.

Абыи яхилъагъуэркъым Суанд.

- АтIэ Суанд пщащэм яхэту слъагъуркъыми? - йоупщ ар Батым.

- Суанд къыдэкIакъым, - жиIащ Батым, хьэщIэм и упщIэхэм къыхэща гумэщI щэхум гу лъимытэххэу. - Суанд гуащэнысэм бгъэдэт пщащэхэм ящыщщ. Гуащэнысэм къыбгъэдэна хъунущ... - Заул дэкIри къыщIигъужащ:

- ЗэрызэхэхамкIэ, гуащэнысэм Темгъэнхэ я унагъуэр и щIасэкъым. ЛъхукъуэлI унагъуэ зэрырахьэлIамкIэ арэзы хъункъым, лажьэ зимылIэ унагъуэр лажьэ хидзауэ жаIэ. Захуегъэгусэ, захуегъэбэг, я ерыскъыи игу иримыхь зещI. И нэщхъ щызэхихыркъым унагъуэм. Абы кIуэцIылъыр пщым ягуш.

Ерстэм абы зыри пидзыжакъым. Зиущэхужащ. Батым къыжриIа хъыбарри игъэщIэгъуакъым - гуащэнысэхэм сыт хуэдэгу якIуэцIылъми ар фIыуэ щыгъуаззт...

Суанд щахимылъагъуэм, Ерстэм и гур щIылIэ хуэхъужащ зыхьихьа джэгум. Насып хъуэспапIэу плъэгъуар, зэ кIуэдыжьигъэти, бззэкъжауэ къыщIыхъуащ. Джэгум кърита гухэхъуэгъуэри напIззыпIэм еупIэхьжауэ кьыфIощI. ГугъапIэр нэщI зэрыхъужари хъуэпсапIэ нэхугъэр зэрыкIуэсэжари къыгурыуэжащ. Ауэ езы пщащэр и нэгу щIэтщ иджыри - и напIэ къиIэту къеплъынкIэ иримыкуу...

«А пщащэм фIыуэ илъагъур илъагъупэнщ. Си насып къихьынкIэ гугъапIэ силатэмэ, си псэ себлэжьынтэкъым, мы жылэ зэхэтым яхэсхьинти, яфIэсхьынт... Арщхьа сыт... Сыт си Iэмал?.. Гуащэ къызоущэ жыслIэри, си унэ блащхъуэ изгъэтIысхьащ...» - жери, Ерстэм и нэгу зэхэуащ.

Ерстэм зэрыхамэр - зэрыхьэщIэр - иджыпстущ нэхъ щызыхищIэнур. ДжэгункIэ зэпеуэхэми яхьихьэнкIэ гукъыдэж иIэжкъым, ари кьригъэкIуркъым.

Уэркъ щауэ щууищ Ерстэмрэ Батымрэ кьабгъэдыхьащ. Батым иш куэдбжьабжьбжьыр щIалэхэм ней-нейуэ зэпаплъэхьащ. ІукIуэтыжа нэужьи ящыщ зым, къызэплъэкIыжри, шыр ауан кьищащ:

- Мыр зытесыр махъшэ хьэмэ къыдыр?..

Уэркъ щауэхэр зэрыгъэдыхьэшхащ. Батым, ар щхьэкIуэ щымыхъуу, якIэлъидзыжащ:

- Махъшэкъым икIи къыдыркъым. НэщIгъущIыдзэщ. ФымылъэгъуагъэнкIи хъунщ апхуэдэ. Фызышхынур аращ, фымыщIэмэ.

Ерстэм, мащIэу пыгуфыкIри, жиIащ:

- Уиш мураду хуиIэмкIэ дагъуэу къыхэпхащ, Батым: уэркъхэм я нэ къыфIэнэнкъым.

- Уэркъым плъапIэ-кIуапIэ уащыным ущIэмыхъуэпс, - и щхьэ хужиIэж щыкIэу, кьыпидзыжащ Батым.

Нэщанэ еуэну фочауэхэм я нэхъыбэр уэркъ щауэщ, лъхукъуэлI яхэтыр зырызщ. Шабзэ зэIуэдзахэр лъхукъуэлI защIэщ. Фочыр кьежьа нэужь, уэркъым шабзэр зэрамыпэсыжь хъуат.

Батым шабзауэхэм яхьихьэн и гугъащ Ерстэм, абы и щэрыуагъэр зыхуэдэр ищIэмэ, фIэигъуэт. Ауэ адрейм нэщанэ еуэнухэм яхьихьэн мурад имыIэ хуэдэщ. КъыщIигъанэр езырауэ щэч ищIащ - и хьэщIэ къиГанэу хыхьэжьын къригъэкIуа хъункъым.

- Нэщанэ еуэн щIадзэ, Батым, уахьихьэнкъэ? - еупщIащ абы Ерстэм. - Уи еуэкIэ слъагъуну сфIэигъуэщ, аращ сэ нэхъ сызыпэплъэр.

- Уи щэрыуэ бгъэлъэгъуэнуи узыхуэмейщ. ЛъхукъуэлIыр щэрыуэмэ, уэркъым дежкIэ зэрышынагъуэр пщIэркъэ?

- ЗэрыжыпIэмкIэ, уэркъхэр къыпщышынэн хуэдэу, ушэрыуэщ! - игъэщIэгъуащ Ерстэм.

- Сызэуэм сытемыхуэнумэ, шабзэр сыт щхьэкIэ къеслъэфэкIын.

Нэрыбгэ зыхьибл къабгъэдыхьащ абдежым. Къабгъэдыхьахэр лъэст, дыгъуасэ пщыхьэщхьэ Батым и хьэщIэщым нэIуасэ къыщыхуэхъуахэм ящыщщ. Имылъэгъуауэ, нэIуасэ зыхуэмыхъуауэ яхэтыр тIыт.

Шым къеПсыхри, Ерстэм къабгъэдыхьахэм я Iэ иубыдащ.

- Щхьэ ущыт, Батым? - къеупщIащ къабгъэдыхьахэм ящыщ зы.

- Сыщымыту сиIьэтэн атIэ? - дыхьэшхащ Батым.

- Уахьыхьэнукъэ нэщанэ еуэнухэм? Шабзэр алейкIи къызэпщта?

- Аращ сэри жеслэр, - Ерстэми и пащащэ яхидзащ. - Уи шабзэ игъэхъэфынум дегъэплъ жызоIэ.

- Ар уи хабзэкъым, Батым, - уи хьэщIэ фIэигъуэр хуумыщIэну. Нобэ къэхъужар сыт? - нэхъри ирахухьу кьызздежьу хъуащ псори.

- ШабзэкIэ хуэмыхуу щытакъым Батым. Иджы зыгъащтэр тщIэркъым.

- Уи насып ятекIуэмэ, мэл щIагъуэр уи Іыхьэщ - уи хьэщIэм нышыпхъэ хуэхъунщ, дэри дыдэтхьэнщ...

- Ар мыхъуми, си хьэщIэ нышынщэ хъункъым.

- Нэщэнэ даущыр зыпылъыр адрей нышыпхъэ къызэрыкIуэм яхуэдэн! ХьэщIэми нэхъ фIэфI хъункъэ! Аркъэ, ди хьэщIэ, абы уэ сыт кьепIуэтыпIэрэ?

- Си бысымым цIыхум я пащхьэ щытхъу щыщихьмэ, си гуапэ мыхъунIэр иIэ! А щытхъум щыщ тIэкIуи сэ къыслъысынкъэ! - пыгуфыкIащ Ерстэм.

Сытми, Батым акъылэгъу хъащIащ:

- Хъунщ абы щыгъуэм - ди хьэщIэм апхуэдэу щыжиIэкIэ. Ди хьэщIэм и насып текIуауэ, садеуэнщ, - жиIэщ, шхуэмылакIэр щIалэхэм ящыщ зым Іэщилтьхьэри, Батым ежьащ.

Нэщанэ зэдеуэнухэр зэгурыIуащ: джэдыкIэр зыфIащIа жыгым лъэбакъуищкIэ бгъэдэкIуэтри, дэтхэнэри щэ мауэ, щэ уэгъуэм джэдыкIищ зыкъутэрщ текIуауэ ялъытэнур.

Батым и пэкIэ еуахэм зы джэдыкIэ зыкъута къахэкIащ, ауэ джэдыкIищ зыкъутэфын къуэвакъым. Зым джэдыкIитI икъутат, ауэ ещанэм техуэжакъым...

Батым и чэзури къэсащ. И псалъэ зэрышэрыуэрэ лIыгъэ зэкъуэущэхуа зэрыкъуэлъэрэ къыдащIэрти, зыхэс хьэблэр, бэкIэ алейкIи къызэпщта?

- Аращ сэри жеслэр, - Ерстэми и псалъэ яхидзащ. - Уи шабзэ игъэхъэфынум дегъэплъ жызоIэ.

- Ар уи хабзэкъым, Батым, - уи хьэщIэ фIэигъуэр хуумыщIэну. Нобэ къэхъужар сыт? - нэхъри ирахухьу кьызздежьу хъуащ псори.

- ШабзэкIэ хуэмыхуу щытакъым Батым. Иджы зыгъащтэр тщIэркъым.

- Уи насып ятекIуэмэ, мэл щIагъуэр уи Іыхьэщ - уи хьэщIэм нышыпхъэ хуэхъунщ, дэри дыдэтхьэнщ...

- Ар мыхъуми, си хьэщIэ нышынщэ хъункъым.

- Нэщэнэ даущыр зыпылъыр адрей нышыпхъэ къызэрыкIуэм яхуэдэн! ХьэщIэми нэхъ фIэфI хъункъэ! Аркъэ, ди хьэщIэ, абы уэ сыт кьепIуэтыпIэрэ?

- Си бысымым цIыхум я пащхьэ щытхъу щыщихьмэ, си гуапэ мыхъунIэр иIэ! А щытхъум щыщ тIэкIуи сэ къыслъысынкъэ! - пыгуфыкIащ Ерстэм.

Сытми, Батым акъылэгъу хъащIащ:

- Хъунщ абы щыгъуэм - ди хьэщIэм апхуэдэу щыжиIэкIэ. Ди хьэщIэм и насып текIуауэ, садеуэнщ, - жиIэщ, шхуэмылакIэр щIалэхэм ящыщ зым Іэщилтьхьэри, Батым ежьащ.

Нэщанэ зэдеуэнухэр зэгурыIуащ: джэдыкIэр зыфIащIа жыгым лъэбакъуищкIэ бгъэдэкIуэтри, дэтхэнэри щэ мауэ, щэ уэгъуэм джэдыкIищ зыкъутэрщ текIуауэ ялъытэнур.

Батым и пэкIэ еуахэм зы джэдыкIэ зыкъута къахэкIащ, ауэ джэдыкIищ зыкъутэфын къуэвакъым. Зым джэдыкIитI икъутат, ауэ ещанэм техуэжакъым...

Батым и чэзури къэсащ. И псалъэ зэрышэрыуэрэ лIыгъэ зэкъуэущэхуа зэрыкъуэлъэрэ къыдащIэрти, зыхэс хьэблэр, бэкIэ алейкIи къызэпщта?

- Дэ, хьэблэ и напэ тепхынщи, тезыр птетлъхьэнщ!

- Укъимыгъэгугъэмэ, къыхэкIыжи, нэхъыфIщ!

- Мэз бжэнкъым зэбгъапщэр - хуэсакъ!

Батым ядогушыIэж:

- Сызыщогугъыж жысIэу сыкъакIуэу сыкъыхэувакъым. Си хьэщIэ и цIэ тесIуауэ, сочуз, аращ сытезыгъэгушхуар. Си хьэщIэм текIуэныр дапщэщи и натIэщи, абы сыщыгугъынущ.

Нэхъыжьхэм ящыщ Батым къыхуэхъуащIащ:

- А, хуэмыху, угушыIэурэ ди хьэщIэм емыкIу къебгъэхьынщи, зэрыкIэмыргуейуэ ди напэр тепхащ!

- Хьэуэ, ГуIэтыж, ди хьэщIэм абыкIэ сыгурыIуащ: сэ хуэмыхуу сыкъыщIэкIмэ, ди хьэщIэм сыкъыщихьжынущ.

- КIуэ, хьунщ. Еуэ. Нэхъ лъэбакъуэхъуу ув! - пидзыжащ къытричхэм ящыщ зым.

- Зауэ е щакIуэ ущыIэу пIащIэгъэжкIэ еуэзн хъумэ, лъэбакъуэхъу увыгъуэрэ гъэпсыгъуэрэ уихуэжькнкъым! - хуидакъым абы. - КIуэрыкIуэм тету тебгъахуэмэ, аращ аргъмыхъу...

Ар жиIэри, Батым нэщанэуапIэ гъунапкъэм Іухьащ. ЗэрыIухьам тету, и шэрэ и бзэрэ зэIуидзэри, тригъэпсэнми емылIалIэу, уащ. Зы джэдыкIэ икъутащ. ЦIыхур зэрыгъэIэуэпсащ.

Адрей уэгъуитIри, апхуэдабзэу псынщIэу зэкIэлъыгъакIуэу, иутIыпщащ. ДжэдыкIитIри зэдыщIэкIыу зэкIэлъикъутащ.

Уэркъ щIалэхэр, зыри жамыIэу, зэплъыжащ. ЛъхукъуэлIхэр щызэхэт щIыпIэхэмкIэ гуфIэ макърэ гушыIэрэ къиIукIащ. Батым, цIыхум жаIэми пымылъыжу, и шабзэшхэр къигъуэтыжри, цеикIэкIэ зэпилъэщIыхьыжащ, и шабзалъэми ирилъхьэжащ.

Батым нэщанэм зэрытригъэхуар Ерстэм ирагъэщIэгъакъым. И хьэщIэм и цIэ триIауэ жьыIэм щыхагъэIуэм Ерстэм къыгурыIуат Батым игурэ и щхьэрэ зэрызэтелъыр. АбыкIэ игурэ и щхьэрэ зэтемылъатэмэ, апхуэдэу жиIэнтэкъым - хьэщIэм емыкIу дауэ къригъэхьынт! ХьэщIэр джэгупIэ езыгъэщI, Іеи фIыи, адыгэм я Іэпкъ къэхъуакъым.

Ерстэм игъэщIэгъуар нэгъуэщIщ: Батым и уэкIэращ.

Шабзэм и щIэши и уи зы пщIыуэ нэщанэ цIыкIу дыдэм, лъэбакъуищкIэ упэщыту, тебгъахуэныр - ар зыпъэкIынур щэрыуэ егъэлеярщ. Езы Ерстэми, фочрэ къэлатрэ зригъэгъуэтыху, ирикъункIэ пылъащ шабзэм. Хуэкъулей хъуауэ, я нэхъ щэрыуэу ялъытэм ящыщащ. Ауэ щIэх хуэхъуакъым абы хуэкъулей, абы и щэхур кьыIэщIэмыкъэурэ бэрэ елIэлIащ. Мэз бжэн еуэн хъумэ, мыуэщхьуу, ауэ нэщанэ цIыкIу щеуэкIэ щыуэщхъу къыкъэкIыу щытащ. Сыт хуэдизу елIалIэу иригъапщэми, кьызыхэкIыр имыщIэу зэм техуэрт, зэм блэукIырт. Ар щхьэкIуэ щыхъуу, иризэгуэпу, апхуэдэу щIэхъур кьишIэн лъэмыкIыу, нэщанэ еуэныр нэрыгъыу иубыдри, куэдрэ елIэлIащ. Сытми, куэдрэ пылъа, мащIэрэ пылъа - и щхьэусыгъуэр кьихутэн лъэкIащ. «Мастэнэм ирегъэкI» жыхуаIэ шабзауэм и шэрыуагъыр лIым и гуащIэми, Іэм и быдагъми, Іэпэлъэгъэми емылъытауэ кьыщIэкIащ. Ар шабзэшэм пылъ шапэми, абы и инагъ-пIащагъми, и щIыкIэкIэ зэрыгъэпсами, езы шабзэшэм и захуагъми, ар зэрыпсами ельытат. КьинэмыщIауэ, шабзэшэр шабзэкъум зэребгъэубыдми мащIэ иIыгъкъым. Шабзэкъум и щIэшыкIэми уесауэ щытын хуеиIщ. Жьыр къызэуэ лъэныкъуэри Іуэхум къыхьыумылъытэу хъунукъым. Бззэпсыр зыхуэдэми куэд епхакъэ: щIэп гъэща бззэпсымрэ дамэ бззэпсымрэ зэхуэдэ хъункъым, а тIыми яхуэмыдэххэр шыкIэ бззэпсыщ. УэущхъункIэ укъыхэмыщтыкIыжу нэщанэ уеуэн папщIэ, а псор уи гуащIэрэ уи Іэзагъэ дэлъытэн хуейуэ къыщIэкIащ. Езым игъэунэхуауэ ещIэ ар Ерстэм. Ауэ мы и бысым лъхукъуэлI щIалэщIэм и акъыл а псом дапщэщ щынэсар?!

- Мэз бжэным езыгъапщэу, мыщэ къэзыукIам ещхь сыхъуащ. Ар зэрыпсами ельытат. КьинэмыщIауэ, шабзэшэр шабзэкъум зэребгъэубыдми мащIэ иIыгъкъым. Шабзэкъум и щIэшыкIэми уесауэ щытын хуеиIщ. Жьыр къызэуэ лъэныкъуэри Іуэхум къыхьыумылъытэу хъунукъым. Бззэпсыр зыхуэдэми куэд епхакъэ: щIэп гъэща бззэпсымрэ дамэ бззэпсымрэ зэхуэдэ хъункъым, а тIыми яхуэмыдэххэр шыкIэ бззэпсыщ. УэущхъункIэ укъыхэмыщтыкIыжу нэщанэ уеуэн папщIэ, а псор уи гуащIэрэ уи Іэзагъэ дэлъытэн хуейуэ къыщIэкIащ. Езым игъэунэхуауэ ещIэ ар Ерстэм. Ауэ мы и бысым лъхукъуэлI щIалэщIэм и акъыл а псом дапщэщ щынэсар?!

- Мэз бжэным езыгъапщэу, мыщэ къэзыукIам ещхь сыхъуащ. Ар зэрыпсами еуэу сщIакъым, ар зи фIыгъэр уэращ, ди хьэщIэ, уи насыпым къихьащ, - пыгуфыкIыу къыбгъэдыхьэжащ Батым и хьэщIэм.

Батым къызэрыбгъэдыхьэжу, Ерстэм Іэбэри, абы и шабзалъэм зы шабзэшэ кърихащ. Шэч зэрищIауэ къыщIэкIащ; шабзэшэр шабзэкъум щытрилъхьэмрэ бззэпсым щригъэкIымрэ фIыщIагъэкIэ хэгъэбелджылыкIат. КIэлъыIэбэри, и Іэмыщ1эм из шабзэщэ кьрихащ. Зэпилпъыхьащ. Нэхъыбэм я кIапэм къуалэжь бзий пылъщ. Къуалэжь ныбэкIэхум и бзий пылът шабзэшипщI хуэдизым. Апхуэдэ шабзэшэрщ кьрым бззэрэзм нэхъ щагъэлъапIэр. Ар ищIэрт Ерстэм, и нэ занщIэу кьыщIыфIэнари арат. Адрей шабзэшэхэм яхуэдэтэкъым аехр, дэгъуэ дыдэу щIат, псори зэщхь защIэу, зыгуэркIэ зэщхьщыкIыу гу лъымытэну...

- «ЦIалэм игуэр и щхьэрэ зэтемылъу и хьэщIэм и цIэ триIуакъым. И шабзэкIи и шабзэшэкIи хуэщIауэ, езыри хуэхьэзыру, еуащ ар нэщанэ. ЛъхукъуэлI щIалэм апхуэмыдэ лIыгъи кьыкъуэкIынкIэ ущыгурэ хъунущ», - жиIащ Ерстэм игукIэ.

- Мы шипщIым я щIын уелIэлIагъэн хуейщ, утегузэвыхьу зэхуэпхьэсыжащ, - жиIащ Ерстэм, шабзэшэхэр Батым иритыжри.

Батым, и нэ кьихуу, кьеплIащ.

- Шабзэшэр зэхуэдэу щытыным и мыхьэнэуэри ущыгъуаззэ? Сэр нэмыщI, ар зыми имыщIэ си гугъати...

- Сэри зэгуэрым сыпылъащ шабзэм... - жиIащ Ерстэм.

Нэщанэ еуэныр зэфIэкIа нэужь, щыгджэгур яублащ. Шу еIэбыхи, уанэгум иувэни, щырэ лъэсрэ зэбгъэрыкIуэни, шыбгъэззэзауи - джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд кьагъэлъэгъуащ. Иужьым сэшхуэ зззауэри кьрахьэжьащ, щымрэ лъэсымрэ зэпыдзауэ...

И нэ тримыхыу зыгуэр кьызэреплъыр зыхищIэри, зыхуихьынур имыщIэу, зыгуэр кьедыркъа щIыкIэу, Ерстэм псынщIэу зэплъэкIащ. Уэркъ шу вакъэ плъыжьхэр щызэхэт лъэныкъуэмкIэ щIыплъэм, зы шу и нэплъэгъуэ Іуауащ. Ерстэм гу зэрыльитар кьыщIищIэм, шуи и нэр иридзэкIыжащ.

Ар зэгуэр ильэгуэ хуэдэу кьыщIыхъуу, ауэ зыщIильэгъуаи зыщIащи кьыхуэмыщIэжу, пIалъэ-пIалъэкIэ хуеплъэкIыу, Ерстэм зауплрэ щытащ. Иужьым игу къэкIыжащ: «Уэркъ щIалэжьыра хуэди мыр!.. Аращ, мэзым сызыщихьэлIаращ... Дауи къэса мыбы?.. Шы-уанэ зэтелъи сыту щIэхыу игуэтыжа? Зытесар армыраУэ пIэрэ? ЩIалэ цIыкIур яIэщIыхьэжу шыри трахьжамэ?» - жери, Ерстэм къэгузэващ. ЩIалэжьыр зытес шыр зэпилтъыхьри, армыраУэ кьыщIэкIащ: мэзым щызэрихьэлIам зытесар шы пцIэгъуэплъщ, мыр шы къарэщ.

ЩIалэжьыр и щыгъынкIи къицIыхужащ. И къэлатыр зэрыгъэпылъыжми гу лъитэри, Ерстэм игу зэгъэжащ - абы щыгъуэм щIалэ цIыкIур яIэщIыхьэжакъым...

ЩIалэжьымрэ Ерстэмрэ я нэр зэхуэзащ аргуэру. Ауэ адрейм и нэ иридзэкIыжакъым, яку зыри кьыдэмыхьуагъэххэ хуэдэ, и нэ мыджьлу, нэхъуеиншэу, и нитIыр кьытриубыдауэ, къоплъри щытщ.

Абы и плъэкIэ мэхъаджэм къикIыр кьыгурыIуащ Ерстэм. «Бий мэхъаджэ бгъуэтакIэ шэч сощI, - игукIэ и щхьэ жужиIэжащ Ерстэм, - бий щэхурыпхъуэ. Апхуэдэр къыппэтIысу къуэгъэнапIэм кьыкъуэукIынкIи уи щIыбкIэ къоуэнкIи тIэу еплъынкъым. ХьэIуцыдзым хуэдэу, уи тIасхъапIэ къещэн бийщ. ЕмыкIуу къехъулIар сIуэтэжьыми фIэлIыкIыркъым, апхуэдэ Іэзхуэ сызэрымыхэшэнури зэрызмыIуэтэжьнури ещIэ. Сызыщыщи сызыхуэди зэрригъэщIащ абы - ари кьыхилъытащ. Бзаджэщ хьэм кьилъхугъэр! Бзаджэ Іущщ!.. Деплъынщ си насып текIуэм...»

СэшхуэкIэ джэгун щIадзащ. Нэрыбгищ ягъэуващ, джэгум и унафэр ящIыну. ТекIуэр зыгъэнэхуэнур а щырщ.

Зы джэгугъуэ зэфIэкIауэ зи чэзухэм я кьытехьэгъуэм, джэгур зэпыуати, щIалэжьыр, уэркъ шухэм кьахэкIри, нэрыбгищым язым бгъэдыхьащ. Зыгуэр зэжраIэри, унафэщIымрэ уэркъ щIалэжьымрэ Ерстэм зыхэт гупым кьыхуауэзэнщIри кьежьащ.

- Залыкъуэ Ерстэм! - жиIащ унафэщIым. - Мы си гъусэу плъагъури хьэщIэщ, Бжьэдыгъым кьикIауэ. ЕмылIыкъуэ Хьэту жыхуаIэжырщ. Уи сэшхуэ гъэбзэкIэ зыхуэдэр зэригъащIэмэ фIэигъуэу, сэшхуэрыджэгу уреджэ. Уэ сыт кьыджепIэн?

Ерстэм, гупсысэу, заулрэ зиIэжьащ. Хуеякъым апхуэдэм и джэгуэгъуи и бэнэгъуи - фIэджэгуалъэщ, фIэгъемыIущ. ИтIани, шэч ищIащ ар уэркъхэм кьрауштакIэ. «Шу хэтакIуэжь мэхъаджэщ, сэшхуэ гъэбзэнкIи яцIыхуэхунщ. Си напэ трыраГъэхьи щхьэкIэ, зэрахъатэнри хэльщ. Езы щIалэжьми гужьгъэжь кьысхуиIэщи, ари хэлъхьэж...»

Апхуэдэ Іэзху хэмыхьэну мурад ищIри, Ерстэм пыгуфыкIащ, гушыIэм хуэкIуэжмэ, нэхъ фIэзахуэу:

- Си хьэщIапIэ сгагъэтэм ситынут, джэгум сыхэплъэн фIэкIа, джэгун-бэнэным сыхьыхьэну сфIэигъуэкъым.

Абдежым езы Хьэтур кьыхьихьащ псалъэм:

- Уэ ухьэщIэмэ, сэри сыхьэщIэщ, - жиIащ абы, Іэдэбыфэ зытригъэуауэ. - Залыкъуэ Ерстэм и цIэ зэрыраIуэм хуэдэмэ, и сэшхуэ гъэбзэкIэ згъэунэхун сфIэигъуэщ, нэгъуэщIым кьыхэсхакъым... Ауэ узгъэщтамэ...

- СыбгъэщтэнкIи зыхуэIуа щыIэкъым - упIащэ дыдэщ... - пыдыхьэшхыкIащ Ерстэм, щIалэжьым мэзым щрищIар кьыхухигъэщIыжу. - Ауэ нэхъыбэу сыщIыхуэмейр си сэшхуэ хьэулейуэ кьиси си хабзэкъыми, аращ.

- Хьэулейуэ ухуэмейми, си шыр пызолъхьэ. Ухуейми, си псэ пыслъхьэнщ. Сытыми кIи сыхьэзырщ!

Уэ уи псэ ухуэмеижми, сэ си псэ сужэгъужакъым, - дихьэшхащ Ерстэм аргуэру.

- Уи псэ апхуэдизу утешыныхьыжмэ, кьэщта а жыхуаIэр аракъэ! Абы щыгъуэм уи Іэзху щхьэхуэщ...

Ерстэм и хьэщIэм емыкIу къыплъыгу иIыытэри, Батым къэхэщащ.

- Бысымым и псэ и хьэщIэ пыIуидзэ хабзэщ: уэ укъэмыщтэмэ, си хьэщIэм и пIэкIэ си псэ пызогъэтIылъ! - жриIащ абы уэркъ щIалэжьым, къэтэмакъкIащIауэ.

- Уэ пхуэдэ хьэрыпхъум си сэшхуэ пэзгъэджэгуну Бжьэдыгъум сыкъикIыу сыкъэкIуакъым сэ! - кьещхьэкIуащ уэркъ щIалэжьыр, Батым нэ жагъуэкIэ кьеплъри.

А псалъэр уэркъхэм ягу ирихьащ - псори зэрыгъэдыхьэшхащ.

И бысымым къэуха щхьэкIуэ Ерстэм къыззэщигъэплъащ. Батым, кьызззщIэнауэ, шым зридзын и мураду щилъым, и Іэблэр иубыри Ерстэм къызэтриГъэувыIащ. «ЗумыхъунщIэ, уи пIэ ит!» - жриIащ абы Батым, езым, и губжь иригъэтIысэхын щхьэкIэ, тIэкIуэр зиIэжьащ. ИтIанэ, нэхъ упщIыIужауэ, зызэтриубыдэжауэ, щIалэжьым жриIащ:

- Ирехъу ару! Ди псэ зэпыдолъхьэ!

Ерстэм щэсри, утыкум ихьащ. ШIууитIым, зэпэуварэ, я сэшхуэ кьрахащ. Хьэту, сэшхуэ зэпэгъуэдзыным пымылъу, шыр кьригъэлъри, и гуащIэ кьызэрихьэкIэ кьеуащ Ерстэм. Сэшхуэ пэгъуэдзкIэ зэтебубыдэн плъэмыкIыным хуэдизт щIалэжьым и уэкIэр. Ерстэм апхуэдэ хьэщхэурыпхъуэ уэкIэм пэплъатэкъыми, Іуэхум абыкIэ кIэ игъуэтыну я гугъащ нэхъыбэм. Пэжуи, уи Іэпщэм гуащIэ ин дыдэ зэмылъмэ, ар пхуэзтемыIыгъэнкIэ шынагъуэу удын мэхъаджэт. Ауэ, зэрамыгугъауэ, Ерстэм гуащIэ кьуэлъу кьыщIэкIащ: зыкIи мыгумэщIу, и сэшхуэ тIыгу пэщIидзри, щэхурыпхъуэм и удыныр тригъэбгъунлъыкIащ.

- Сыт кьару абы и Іэпщэм хэлъыр? - кьыхэкIиикIащ цIыхухэр, ар щалъагъуэм.

Хьэтум мурад бзаджэ зэрилэр кьигъэлъэгъуащ зэ уэгъуэм. Ауэ сэшхуэ гъэбзэкIэм абы щIагъуэ зэрыхимыщIыкIыр кьыгурыIуащ Ерстэм: адыгэ сэшхуэм и нэхъ шынапIэм - пыджэным хуэшэрыуэхьэм. ЛъэныкъуэтIыкIи Іэбэрабзу кьауэу кьиуващ утыкум. Ерстэм зэ закъуи зидзакъым, модрейм и удыныр сэшхуэ пэгъуэдзкIэ иригъаззэ фIэкIа. ЦIыхум яГъэщIагъэуэ: модрейр зэрылъэкIкIэ кьытошасэ, и псэр хихьн и мураду, мыбы ар кьэфIэIуэхукъым, и сэшхуэ пэщIедз армыхъу, еуэн хьисэп иIэкъым. Ерстэм сэшхуэм хуэмыкъулейуэ шэч зыщIаи кьаухэкIащ,...

Сэшхуэ пэщIэдзкIэ зы узгъуэ аргуэру иригъэгъаззри, Ерстэм шым елъэдзкъуащ, модрейр нэхъ щыбэлэрыгъам хуигъаззри. Хьэтур сэшхуэ Іэтыжыгъуэ ихуакъым - Ерстэм ар уанэгум кьриудащ, и сэшхуэр Іэщ1иудри. Езым и сэшхуэр уэркъ щIалэжьым и гущхьэм ириубыдащ: «Мэ, уи псэ ухуэмеижмэ!» - жери. «Кьы!!» - жери, щIалэжьыр и бгъэм епхъуэжащ.

Сэшхуэр щIалэжьым и гущхьэм триубыдауэ, Ерстэм, абы зыхуиший хуэдэу зищIри, нэгъуэщIым зэкамыхьну, жриIащ:

- Ар етIуанэщ, пхузогъэгъу. Ещанэу зыкъыспэщIумыгъауэ!..

Ерстэм кьигъаззри Батым кьыбгъэдыхьэжащ.

- НакIуэ, бысымым деклуэлIэжьищ, - жиIащ Ерстэм, кьыззтеувыIи кьызэплъэкIи имыIэу, кьахэкIыжри кьэжьащ.

ЦIыхуу кьызэхэнар, укIыгъэ кьыхэмыкIыу Іэхум кIэ зригъэуэтам щыгуфыкIыу, бжьэдыгъу щIалэжьым и напэр зэрытекIам иридыхьэшхьыу, куэдрэ зэхэтащ.

КIЭРАШЭ Тембот

Романым щыщ пычыгъуэ

Сурэтхэр **Бэрчо Гъэфур** *ищIащ (Мейкъуапэ).*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр Адыгейм щокIуэкI. Гуфiэгъуэ зэлуцIэм хэтщ (*ижьымкIэ къыщыщIэдзауэ*): уэрэджыIакIуэ Гъэсашэ Наталье, тхакIуэхэу Мэшбащ1э Исхьэкъ, КIэрашэ Тембот, Гъэунэ Борис, Кулиев Къайсын, Тхьэзэплъ Хьэсэн, Жанэ Къырмызэ. *1982 гъэ*

Къалэм лъэщ

ЦIыхубэр сыт щыгъуи ирогушхуэ, иробжьыфIэ тхакIуэм и гуащIэм. Псом хуэмыдэжу лъагэщ лъэпкъ литературэм и зэхуэблакIуэхэм я щIыхьыр. Адыгэхэм я дежкIэ апхуэдэ тхакIуэщ КIэрашэ Тембот.

АДЫГЭ тхыбзэм япэ лъэбакъуэр щича махуэм къыщожьэ КIэрашэм и литературэ лэжьыгъэр. ЛIы ныбжь гъэзугаиз и нэгу щIэкIаг Тембот и къалэмым. А къалэмым игъэбтащ къэрал псом щыщIэрыIуэ «Гъэзугу насипыфIэ» романыр, повесть хьэлэмэт зыбжанэ, рассказ куэд, нэгъэщI тхыгъэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми ди литературэм темэщIэрэ гупсысэ гъэщIагъуэнрэ яхьалъхьащ, цIыху гъащIэм и сурэт Iупщlэхэр ди нэгу кьышIагъэувэ.

КIэрашэ Тембот и творческэ гъэзугаиэр лъэпкъ литературэм и тхыдэм лъабжьэ хуэхъуащ; абы къыхуитащ жанр зэмылIэужьыгуэ зыбжанэм я хабзэхэр; социалистическэ реализмэм и хабзэхэмрэ адыгэ лъэпкъ фащэхэмрэ япэ дыдэ зэзыгъэкIуа тхакIуэхэм ящыщщ ар.

1925 гъэм дунейм кьытехьащ абы и ятэ тхыгъэр. Мыгувэу абы къыкIэлъыкIуащ етIуанэри, ещанэри... КIэрашэм и цIэр хэку псом щызэпльащIысащ, абы и къалэмым зэхиублащ лъэпкъ литературэ.

Къалэм гуащIафIэр зыгъабзэ тхакIуэм и тхыгъэхэм я фIыпIэм - «Гъэзугу насипыфIэ» романым - и тхыдэр 1929 гъэм кьыщожьэ. А гъэм тхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIауэ щытащ романым и ятэ Iыхьэр. «ШамбулымкIэ» (арат а Iыхьэм зэреджэр) тхакIуэм и мурадар цIыхубз ныбжьыщIэм и гъащIэ гъэзугаиэр - ар пасэрей унаГъуэ хабзэхэм я Iэмышlэ къызэрикIыр - къэгъэлъэгъуэныгъ. Романым зделэжьаи, КIэрашэм гу льитащ а темэр, социальэ IэхъуГъуэхэм къыгуэхауэ, зэпкърыпх зэрымыхъуным. ЦIыхум, псалъэм папщIэ, цIыхубзым, и хуитыныгъэмрэ и насыпымрэ хэкум щекIуэкI щэнхабзэ ухуэныгъэхэм епхат. Хуэм-хуэмурэ зиубгъауэ романым и темэм, ар куэдкIэ нэхъ кьулей хъуащ, зы цIыху гъащIэм и пIэ щIыхубэм я гъащIэр иуващ. А псор къэгъэбэтэгъуафIэ хъуакъым. Илъэс тIощIым нэблагъэ тригъэкIуэдащ Тембот «Гъэзугу насипыфIэ» романым. 1947 гъэрщ ар нэтхъса щыхъуар. А гъэм «Гъэзугу насипыфIэр» адыгэбзэкIи урысыбзэкIи дунейм кьытехьащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым а романым папщIэ КIэрашэм кьратащ Къэрал сагуэтэгъ. Адыгэ лъэпкъ литературэхэм я тхыдэм и кIуэцIкIэ къэрал псом япэ дыдэ цIэрыIуэ щыхъуа тхыгъэщ КIэрашэ Тембот и романыр. Нобэр кьызэдэсым ар яльытэ советскэ лъэпкъ литературэ ныбжьыщIэхэм я дежкIэ щапхъэ гъуэзэджэу.

Адыгэ лъэпкъ литературэхэм я дежкIэ «Гъэзугу насипыфIэр» Шолохов Михаил и роман цIэрыIуэхэм еплъыт мэхъу: апхуэдабзэу пкъыдфIэщ, купщIафIэщ, уэзщIащ КIэрашэм и тхыгъэри.

«Гъэзугу насипыфIэ» романым ди литературэм и тхыдэм увыпIэмкIуэ щеубыд, мыхьэнэшхуи щIиIащ. Аращ адыгэ романым и тхыдэм кьызэрыщIидзар, абы и хабзэхэр, и лъэпкъ фащэхэр япэ дыдэу уБзыхуа щыхъуар. КIэрашэ Тембот и роман цIэрыIуэм и лъэужьыр адыгэ литературэм дежкIэ махуэу кьыщIэкIащ, абы и щапхъэхэр дэркIэ лъапIэныгъэщхуащ.

1955 гъэм дунейм кьытехьащ Тембот и етIуанэ романыр - «Ди пщащхэр». Гупсысэм и пэ ищу зызыужь гъащIэм и гуфIэгъуэр зыхэзыщIэ, абы зи гур дыхьэхъу, зи Iэпкълъэпкъыр щызэрыубыд цIыху жанхэщ а романым щытлъагъур. Ар дыдэхэм уащрохьэлIэ тхакIуэм и къалэмыпэм нэхъ ижьыIуэкIэ кьыщIэкIа «Кlукlуэ» романми. Абы цIыхубз щIалэм и образыр нэхъри кууэ зэпкърыха щыхъуащ. ТхакIуэм игъафIэ пщащэм дежкIэ нэхъыщхьэр псэм и къабзагъэмрэ и дахагъэмрэщ. Абы и гум техуэркъым зэманыжьым кьыщIэна хабзэ мыхъумыщIэхэр, абыхэм и къару псомкIи йобгъэрыкIуэ, и хуитыныгъэмрэ и цIыхугъэмрэ гъащIэр щитыфынущ. КIэрашэм апхуэдэ цIыхур ди пащхьэ кьрегъэувэ сыт хуэдэ гугъуехьми ебгъэрыкIуэфу, псэкIэ кьулейуэ, мурад дахэм хуэпабгъэу, гъащIэм махуэл щызымыщI, зи гупсысэр жан, зи гур жьжьэ плъэ цIыху лъэрызехьэу.

КIэрашэм и иужьрей романым - «Шу закъуэм» - лъабжьэ хуэхъуар тхыдэрщ, ар бзэнэныгъэ гуащIэм хэт зэпыту адыгэхэм зэпача гъэзугаиэ кIыхьым и гуэдж пэлъытэщ. Романыр щыхъэт тохъуэ тхыдэм и кьару нэхъыщхьэр цIыхубз ару зэрыщытым, лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ кьыдэгъуэгурыкIуэ хуэзыгъэфIыгъуэ псори абы и Iэдакъэ кьызэрыщIэкIам. Апхуэдэ гупсысэр Iупщlу ядыболъагъу романым и лIыхъужь нэхъыщхьэм - «Шу закъуэ» Ерстэм, мэкъумэшыщIэ щIалэ Батым сымэ, нэгъуэщIхэми. Ахэр сыткIи йофIэкI «уэрэкъ щауэ хьижьэхэм», йофIэкI цIыхугъэкIэ, лIыгъэкIэ, хабзэкIэ, дуней тетыкIэкIэ, гукIэ, псэкIэ. Романым щынэрылъагъущ «уэрэкъ хабзэкIэ» зэджэмрэ лъэпкъ куэдым я деж цIэрыIуэ щыхъуауэ къэгъуэгурыкIуэ адыгэ хабзэмрэ шурэ лъэсрэ зэразэхуакър, иужьрейм демократическэ купщIэ узынщэ зэриIэр, ар цIыхум и пщIэмрэ и цIыхугъэмрэ гъэлъэпIэным хуэунэтIауэ зэрыщытар.

Хуабжьу цIэрыIуэщ КIэрашэм и повестхэри. 1951 гъэм дунейм кьытехьэ зи цIэр жьижьэ Iуа «Налмэс» («Шапсыгъ пщащэ») повестыр. Пасэрей гъащIэщ абы купщIэ хуэхъуар - епщыкIуфгъаниэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэрщ.

Адыгэ мэкъумэшыщIэр революционнэ бэнэныгъэм хэзыша гъэзугаиэр лъабжьэ хуэхъущ «Абрэдж» повестым. МэкъумэшыщIэр лIыгъэкIи цIыхугъэкIи, лIакъуэлIэшхэм, гъэпщыплакIуэхэм зэрефIэкIыр нэрылъагъу щохъу «Шыхъуэм и лIыгъэ» повестым. Тхыдэм и кьару нэхъыщхьэ дыдэу цIыхубэр жьь-ижьыж лъандэрэ кьызэрыгъуэгурыкIуэм щыхьэт тохъуэ КIэрашэм и новеллэ гъуэзэджэхэри - «Абрэдж щакIуэжь», «ЛIыгъэр зэраГъэунэхуэ», «АдыгэлIыр нэхъ зыкъуейр». Абыхэм яГьафIэ цIыхубэм я гущIэмрэ я акъылымрэ, дуней щызекIуэ хъугъуэфIыгъуэ псори зи Iэдакъэ кьызыщIэкIар гуащIэрыпсэухэр ару зэрыщытыр уи фIэщ щIэ.

КIэрашэ Тембот и повестхэм, новеллэхэм я нэхъыбапIэм лъабжьэ яхуэхъуар цIыхубзым Iэджэ щIауэ кьадэгъуэгурыкIуэ хъыбархэрщ. Пасэрей нобжь яIэми, а хъыбархэр нобгъэщI цIыхум пэжьыжьэкъым. КIэрашэм адыгэ тхыдэм сыт щыгъуи хегъуатэ гупсысэ жан - нобгъэй цIыхум и акъылыр зыгъэлажьэ гупсысэ хьэлэмэт.

КIэрашэ Тембот кьаруушуэ тригъэкIуэдащ адыгэ Iуэрыпуатэр зэхуэхьэсыным, джыным, кьыдагъэкIыным. АдыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхыгъэ щыхьэхэм щызэхуэхьэсауэ мызэ-мытIуэ дунейм кьытехьащ КIэрашэм итхыжа, зэхуихьэсыжа пасэрей адыгэ хъыбарыжьхэмрэ татурыхьхэмрэ. КIэрашэм зэхуихьэсыжу нобгъэй щIэблэм я пащхьэ ирилъхьа хъыбарыжьхьэр щыхьэт тохъуэ адыгэхэм жьжьэ кьыщежьэ лъабжьэ быдэ зиIэ Iуэрыпуатэ кьулей кьызэрагъэщIыфам. Апхуэдэ Iуэрыпуатэр нобгъэй хэкIыпIэ хуохъу лъэпкъым и художественнэ зыгъэщIыныгъэм Дигу кьэдгъэкIыжьынщ езы КIэрашэм и новеллэ телъыджхэхэм я нэхъыбапIэм хэкIыпIэрэ купщIэрэ яхуэхъуар Iуэрыпуатэр арауэ зэрыщытыр. Iуэрыпуатэр лъабжьэ хуэхъуащ е абы кьуэпс быдэкIэ пыщIащ, псалъэм папщIэ, «Налмэсми», «Абэзэхэ щакIуэжьми», «ЛIыгъэр зэрагъэгъэхэми», «Пщащэм и псалъэми», «Бысым щIалэми», «Иужьрей фочауэгъуэми».

ЛIытэгъуейщ КIэрашэ Тембот и гуащIэр. Тембот и къалэм гуащIафIэм игъэбэта тхыгъэ щдэжащэхэр щыхьэт тохъуэ ди лъэпкъым и художественнэ гупсысэр зэрыжаным, абы и псэкупсэ кьарур зэрыгъунапкъэнщ. «Гъэзугу насипыфIэр», «Налмэсыр», «Шу закъуэр» зи Iэдакъэ кьыщIэкIа тхакIуэм и гуащIэм кьэдкIэ нэхъ кьулей дэхъуащ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр, абы и пщIэмрэ и щIыхьмрэ лъагэ хъунырщ КIэрашэ Тембот и художественнэ къару лъэщыр зыхуэунэтIар.

Адыгэ лъэпкъ литературэм и зэхуэблакIуэхэм ящыщ зыщ КIэрашэ Тембот. Апхуэдэм и пщIэр кIуэ пэтми нэхъ лъагэ хъу зэпытщ. Махуэ, угъурлы хуэхъуащ КIэрашэм и художественнэ гуащIэр адыгэ литературэм. Абы и дамэр жамэ, и лъэр увамэ, и Iэпкълъэпкъыр зэрыуфдамэ, фIыщIэр япэ дыдэ зыщыпльагъун хуей тхакIуэ щэджащэхэм ящыщщ КIэрашэ Тембот. КIэрашэм къыщIэтэджа щIэблэ гуащIафIэ зыбжанэ къыщIоуващ адыгэ литературэм, абыхэм я кьару илъыгъущ нобэ, шу пашэхэм я щапхъэр я гъуаззу льагапIэщIэхэм йобгъэрыкIуэ.

КIЭРАШЭ Тембот и тхыгъэхэм я цIэ жьжьэ Iуащ, куэдым я гур ятхъэкъуащ абыхэм, Iэджэм я дежкIэ хъуащ лъапIэ, гукъыдэжрэ гуфIэгъуэрэ кьезыт художественнэ кьулеигъэ. Советскэ тхакIуэ цIэрыIуэ Дангулов Саввэ игу кьеГъэкIыж:

«Нобги си нэгу щIэтщ КIэрашэм и тхыгъэхэм япэ дыдэ нэIуасэ сащыхъэхьуа махуэхэр. Сэ сыкьыщалъхуа къалэм - Армавир - и анэдэлъхубзэр адыгэбзэрщ. Ди унагъуэ кьиихьэ адыгэхэмрэ дэрэ дызэрызэпсалъэр а бзэрат. Сысабийуэ зэхэсха таурыхьэхэри адыгэ таурыхьт, адыгэбзэкIэщ абыхэм си анэмрэ си анэшхуэмрэ сызэрырагъэдэIуэгъар. Си анэшхуэр Къэбэрдейм кьыщалъхуат. Си анэм и адыгэбзэр аращхьэкIэ дахэт, гъэхуатI, ди унэ кьиихьэ адыгэ хьащIэхэм зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкьым. Ди анэр фIыуэ щыгъуаззт адыгэ тхыдэм, пщIэшхуэ хуищIыт адыгэ лъэпкъым хэлъ лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ. Нобэ зэхэсх хуэдэщ абы сызригъэдаIуэу щыта уэрэдыр - хьшхуэм и толъкъунхэм зэрадзэ кхъухьым и уэрэд гуузыр. Кхъухь фIыщIэжьым хэкум иришыр хьэжрэт насыпыншэхэр... Адыгэхэм дащыхэсха зэманыр си нэгу кьыщIэгъуэвэжырт а уэрэдым, куэд щIатэкъым абы ньандэрэ, дэ зы лъэпкъ пэльытэу дызэдэпсэурт, ди бзэр зыт - адыгэбзэт. Адыгэбзэ ящIэрт си lыхьлы псоми, абы иригушхуэрт. Ди анэм и бзэм адыгэ псалъэжь зэрыщуэхэр хэпхьат... А псор щIыжьисIэр зыщ: адыгэ хэкур сэркIэ зэрыльапIэрщ, абы и быдзышэщ сэ сызэфар...

КIэрашэм и тхыгъэ щIэблэ дэзыгъэльэгъуар ди анэрщ - ар зыпищI щIыпэхъым абы. Япэщ щIыкIэ нэIуасэ сыхуэхъуащ «Гъуэгу насипыфIэм». ИтIанэ седжащ «Шапсыгъ пщащэм». Ди дежь къэсыи и пэ, «Гъэзугу насипыфIэм» Армавир дэс унагъуэ псори зэльыщIысагъэнт. ЩIащ1 гъэхэм я пэщIэдзэрт ар - гъэсынкIэ мащIэти, унэхэр щIагъуэу я гъэплъыртэкъым. Тхыль напэкIэр уфIыщIат, бжьыгъэ защIэ хъуат, ауэ уеджэфырт, хьэрфхэр хэгъуэщжатэкъым. Жэщщр хьуамэ, фэтыджэн уэздыгъэнэфыр пигъанэрти, тхыльым бгъэдэтIысхьэрт ди анэр. Тембот и тхыльхэм пищI щыIакъым ди анэм. Адыгэ тхакIуэшхуэм и пщIэр кIуэ пэтми дэкIуэтейуэгъэ къэгъуэгурыкIуащ абы льандэрэ...»

Совет литературэм КIэрашэ Тембот хилъхьа гуащIэм пщIэшхуэ игъэтащ. ГъунэмкъэзыщIа абы кьызыжьа лъэпкъым и пащхьэм щIиIэ пщIэмрэ щIыхьымрэ, а лъэпкъым и художественнэ тхыдэщ Тембот и Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэр.

ТхакIуэм и кьалэмыр ирагъэщхь вагъэбдзэумэхэр кьызэридзэкIыу щIыгуп пшэрым щIэлъадэ вабдзэм. Апхуэдэу щIолъадэ тхакIуэм и кьалэмыр гъащIэм и лъащIэм, егъэбатэ абы и пэжьыпIэр, и купщIэр. Зи кьарум тельыджэу кьитIасэ кьалэм пЬэщ Iэщ1эльадащ адыгэ литературэм и тхьэмадэ Iумахуэ КIэрашэ Тембот.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Уадыгэну сыт и уасэ!

Адыгэхэм я махуэр гукъинэжу щагъэлъэпIащ курыт еджапIэхэми. Апхуэдэу Налшык къалэ дэт 14-нэ гимназием адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэхэми екIуу а Iуэхум зыхуагъэхьэзырат.

САБИЙМ бзэр Iурылъынр кьыщежьэр адаанэр, ар зыщIапIыкI унагъуэр арауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ адыгэбзэр езыгъэжьхэми къалэнышхуэ я пщэ дэлъщ анэдэлъхубзэм сабийр дегъэхьзыныжьмкIэ. Абы хьарзынэу йохъулIэ пэщIэдзэ классхэм щылажьэхэу Шыд Антониэрэ Елбэрд Иринэрэ. Абыхэм сабийхэр адыгэбзэ щэрыуэкIэ гъэхуауэ кьрагъэджащ ди щIыналъэм, хамэ хэку щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я усэхэм.

Адыгэхэм я щхьэр лъагэу щIалъагъужьи, ди лъэпкъым и художественнэ гупсысэр зэрыжаным, абы и псэкупсэ кьарур зэрыгъунапкъэнщ. «Гъэзугу насипыфIэр», «Налмэсыр», «Шу закъуэр» зи Iэдакъэ кьыщIэкIа тхакIуэм и гуащIэм кьэдкIэ нэхъ кьулей дэхъуащ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр, абы и пщIэмрэ и щIыхьмрэ лъагэ хъунырщ КIэрашэ Тембот и художественнэ къару лъэщыр зыхуэунэтIар.

Адыгэ лъэпкъ литературэм и зэхуэблакIуэхэм ящыщ зыщ КIэрашэ Тембот. Апхуэдэм и пщIэр кIуэ пэтми нэхъ лъагэ хъу зэпытщ. Махуэ, угъурлы хуэхъуащ КIэрашэм и художественнэ гуащIэр адыгэ литературэм. Абы и дамэр жамэ, и лъэр увамэ, и Iэпкълъэпкъыр зэрыуфдамэ, фIыщIэр япэ дыдэ зыщыпльагъун хуей тхакIуэ щэджащэхэм ящыщщ КIэрашэ Тембот. КIэрашэм кьыщIэтэджа щIэблэ гуащIафIэ зыбжанэ кьыщIоуващ адыгэ литературэм, абыхэм я кьару илъыгъущ нобэ, шу пашэхэм я щапхъэр я гъуаззу льагапIэщIэхэм йобгъэрыкIуэ.

КIЭРАШЭ Тембот и тхыгъэхэм я цIэ жьжьэ Iуащ, куэдым я гур ятхъэкъуащ абыхэм, Iэджэм я дежкIэ хъуащ лъапIэ, гукъыдэжрэ гуфIэгъуэрэ кьезыт художественнэ кьулеигъэ. Советскэ тхакIуэ цIэрыIуэ Дангулов Саввэ игу кьеГъэкIыж:

«Нобги си нэгу щIэтщ КIэрашэм и тхыгъэхэм япэ дыдэ нэIуасэ сащыхъэхьуа махуэхэр. Сэ сыкьыщалъхуа къалэм - Армавир - и анэдэлъхубзэр адыгэбзэрщ. Ди унагъуэ кьиихьэ адыгэхэмрэ дэрэ дызэрызэпсалъэр а бзэрат. Сысабийуэ зэхэсха таурыхьэхэри адыгэ таурыхьт, адыгэбзэкIэщ абыхэм си анэмрэ си анэшхуэмрэ сызэрырагъэдэIуэгъар. Си анэшхуэр Къэбэрдейм кьыщалъхуат. Си анэм и адыгэбзэр аращхьэкIэ дахэт, гъэхуатI, ди унэ кьиихьэ адыгэ хьащIэхэм зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкьым. Ди анэр фIыуэ щыгъуаззт адыгэ тхыдэм, пщIэшхуэ хуищIыт адыгэ лъэпкъым хэлъ лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ. Нобэ зэхэсх хуэдэщ абы сызригъэдаIуэу щыта уэрэдыр - хьшхуэм и толъкъунхэм зэрадзэ кхъухьым и уэрэд гуузыр. Кхъухь фIыщIэжьым хэкум иришыр хьэжрэт насыпыншэхэр... Адыгэхэм дащыхэсха зэманыр си нэгу кьыщIэгъуэвэжырт а уэрэдым, куэд щIатэкъым абы льандэрэ, дэ зы лъэпкъ пэльытэу дызэдэпсэурт, ди бзэр зыт - адыгэбзэт. Адыгэбзэ ящIэрт си lыхьлы псоми, абы иригушхуэрт. Ди анэм и бзэм адыгэ псалъэжь зэрыщуэхэр хэпхьат... А псор щIыжьисIэр зыщ: адыгэ хэкур сэркIэ зэрыльапIэрщ, абы и быдзышэщ сэ сызэфар...

КIэрашэм и тхыгъэ щIэблэ дэзыгъэльэгъуар ди анэрщ - ар зыпищI щIыпэхъым абы. Япэщ щIыкIэ нэIуасэ сыхуэхъуащ «Гъуэгу насипыфIэм». ИтIанэ седжащ «Шапсыгъ пщащэм». Ди дежь къэсыи и пэ, «Гъэзугу насипыфIэм» Армавир дэс унагъуэ псори зэльыщIысагъэнт. ЩIащ1 гъэхэм я пэщIэдзэрт ар - гъэсынкIэ мащIэти, унэхэр щIагъуэу я гъэплъыртэкъым. Тхыль напэкIэр уфIыщIат, бжьыгъэ защIэ хъуат, ауэ уеджэфырт, хьэрфхэр хэгъуэщжатэкъым. Жэщщр хьуамэ, фэтыджэн уэздыгъэнэфыр пигъанэрти, тхыльым бгъэдэтIысхьэрт ди анэр. Тембот и тхыльхэм пищI щыIакъым ди анэм. Адыгэ тхакIуэшхуэм и пщIэр кIуэ пэтми дэкIуэтейуэгъэ къэгъуэгурыкIуащ абы льандэрэ...»

Совет литературэм КIэрашэ Тембот хилъхьа гуащIэм пщIэшхуэ игъэтащ. ГъунэмкъэзыщIа абы кьызыжьа лъэпкъым и пащхьэм щIиIэ пщIэмрэ щIыхьымрэ, а лъэпкъым и художественнэ тхыдэщ Тембот и Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэр.

ТхакIуэм и кьалэмыр ирагъэщхь вагъэбдзэумэхэр кьызэридзэкIыу щIыгуп пшэрым щIэлъадэ вабдзэм. Апхуэдэу щIолъадэ тхакIуэм и кьалэмыр гъащIэм и лъащIэм, егъэбатэ абы и пэжьыпIэр, и купщIэр. Зи кьарум тельыджэу кьитIасэ кьалэм пЬэщ Iэщ1эльадащ адыгэ литературэм и тхьэмадэ Iумахуэ КIэрашэ Тембот.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

КъэщIэжыгъуейщ топиплI къыщыхудагъэкIар

● Футбол

«Краснодар-2» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 4:2 (1:1). Краснодар. «Краснодар» ФК ЦПР-м и стадион. ФокIадэм и 25-м. Цыху 500 еплъащ.

Судьяхэр: Шафеев (Волгоград), Мезенцев, Селезнев (тIыри Воронеж щыщщ).

«Краснодар-2»: Адамов, Стежко, Нестеренкэ, Грицаенкэ, Гогличидзе (Черчесов, 89), Назаров, Жигулёв, Моргунов (Сергеев, 73), Воробьёв, Белоус (Манько, 90+3), Овсепян (Бутенко, 81).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Пелюкаев (Абидинов, 88), Муслуев, Шахтиев, Абаз, Миронов (Магомадов, 67), Ахриев (ЛIуп, 77), Пашты, Гугуев (Мэшыкъуэ, 69), Каркаев (Медников, 66), Алиев.

Топхэр даГъэкIащ: Белоус, 9 (1:0). Алиевым, 21(1:1). Белоус, 55 - пенальтикIэ (2:1). Белоус, 63 (3:1). Мэшыкъуэм, 74 (3:1). Овсепян, 75 (4:2).

Дагъуэ хьыхуащIащ Гугуевым, Абазэм, Муслуевым, Воробьёвым.

МЫ ДЖЭГУГЪУЭР щэбэт кIуам екIуэкIын хуеят, арщхьэкIэ «Спартак-Налшыкыр» Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыныкIэ зэхьэзэхуэм зэрыхэтым кьыхэкIыу блыщхьэм яГъэIэпэхъуащ. Абы и фIыгъэкIэ ди щIалэхэм Iэмал яГъуэтащ Мэзкуу и «Динамо»-м драгъэкIуэкIа зэIуцIэ гугъум и ужькIэ тIэкIу загъэпсэжжыну икIи тренерыщIэхэу Трубицын Сергейрэ КIэбышэ Заурэ къыхуагъэув къаIэнхэр нэхъ зыхащIыну.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыпашэхэм ящыщ зы «Краснодар-2»-м джэгур хуабжьу жьыджэру къыщIидзащ. Ди щIалэхэр абы хуэмыхьэзырыщщу къыщIэкIащ икIи ебгъуанэ дакъикъэм, Пелюкаевым и щыуагъэр къигъэсэбэнри, Белоус хэгъэрейхэр япэ иригъэщащ.

«Спартак-Налшыкым» и жэуапми куэдрэ пигъапльакъым. Дакъикъэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIыу Каркаевым кърита топыр Алиевым «Краснодар-2»-м и гъуэм дигъэкIащ.

Бжьыгъэр 3:2 зэрыхъуам фIым ущигъэгугъыр. АрщхьэкIэ хэгъэрейхэри икIуэтынутэкъым. Апхуэдэ зэпащIэтныныгъэм джэгур хуабжьу удэзыхьэх ищIащ икIи толъмэгум еплъыну къэкIуэхэм я нэгу зригъэужьащ.

Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр кьыщыхьуар загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэщ. ЯлэщIыкIэ «Спартак-Налшыкыр» кьыхэжаныкIыфыну щытащ, ауэ Алиевым кьыхуэкIуэкIа Iэмалыр кьыхуэгъэсэбэпэкым.

53-нэ дакъикъэм къэхуам джэгум и екIуэкIыкIэр нэрылъагъуу ихуэжащ. «Краснодар-2»-м и гъащIэхуэхуэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр футбол хабзэм кьемызэгъыу и гъуэм пэгъунэгъуу Абазэм кьызэпиудащ. Пенальти. Метр пщыкIуэм и деж щыту Белоус етIуанэ топри кьытхудигъэкIащ. А щIалэр увыIакъым, ещанэуи кьыхэжаныкIыху. Мыгувэу ар абы кьехъулIащ.

Абы иужькIэщ ди тренерхэм зэхуэхьэныныгъэхэр джэгум щыхалъхьар. ЗэкIэлъхьэжьыгуэ губгъуэм кьихьащ Магомадовыр, Мэшыкъуэр, ЛIупыр, Абидиновыр. ИкIи кьыщIыхьуат абыхэм Iуэхур яГъэзэкIуэжьфынУ. А гугъэр щIигъэбыдащ Мэшыкъуэм, иужьрей зэIуцIитIым ещанэ топыр щыдигъэкIри.

Бжьыгъэр 3:2 зэрыхъуам фIым ущигъэгугъыр. АрщхьэкIэ хэгъэрейхэм я ныкъ